Пщэдей Хэкум и хъумакIуэхэм я фэеплъ махуэщ

ФИФИ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПШКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

№120 (21.028) ● 2007 гъэм мэкъуауэгъуэм (июным) и 21, махуэку ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокI ● И уасэр соми 3-щ

adyghe@mail.ru
adyghepsale.ru

Гъащlэм къыгъэуцухэр япэ ирагъэщ

● Дыгъуасэ

Къэбэрдей-Балъкъэрым и лIыщхьэ Къанокъуэ Арсен мэкъуауэгъуэм и 20-м Правительствэм и Унэм щригъэкIуэкIащ республикэм и Президентым деж Лъэпкъ проект пэрытхэр гъэзэщIэнымрэ демографие политикэмкIэ щыIэ Советым и зэIущIэ.

АБЫ япэу щызэпкърахащ «Урысейм и цIыхухэм - псэупIэ тэмэм» лъэпкъ проект хэхам ипкъ иткIэ псэупIэ кредитхэр ятыныр къызэгъэпэща зэрыхъур.

Уху эныгъэмрэ архитектурэмкIэ министр **АфэщIагъуэ Михаил**, УФ-м и Ахъшэ хъумапIэм и Кавказ Ищхъэрэ банкым Къэбэрдей-Балъкъэрым щиIэ 8631-нэ къудамэм и унафэщI **Урысбий Хьэмидбий**, Налшык къалэ администрацэм и Iэтащхьэм и къалэнхэр зыгъэзащIэ **Хьэмгъуокъу Леонид**, Прохладнэ къалэ администрацэм и унафэщI **Сирицэ Дмитрий** сымэ жаIам едэIуа нэужь, Советым хэтхэм къыхалъхьа Iуэхугъуэм теухуа унафэр къащтащ.

Апхуэдэу зэIущIэм щыхэплъащ республикэм и муниципальнэ районхэм «АПК-м зегъэужьын» жыхуиIэ лъэпкъ проект пэрытыр зэрагъэзащIэм, «ЕгъэджакIуэ нэхъыфI» зэпеуэм щытекIуахэр гъэбелджылыным ехьэлIа Iуэхухэм.

Зэхыхьэм къыщащтащ етIуанэ мазихым Советыр зэрылэжьэну щIыкIэр.

ЗэIущIэм хэтащ КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ я унафэщIхэу **Бечелов Ильяс**, **Ярин Андрей**, республикэм и Президентым и Администрацэм и УнафэщI **Къэжэр Альберт**, ЮФО-м Къэбэрдей-БалъкъэрымкIэ и федерал инспектор нэхъыщхьэ **Меркулов Александр**, министрхэр, къалэ, район администрацэхэм я Iэтащхьэхэр, ирагъэблэгъа къулыкъущIэхэр.

ХЬЭЖЫКЪАРЭ Алик.

Iуэхугъуитlым топсэлъыхь

КъБР-м и Президентым деж щыIэ Жылагъуэ-чэнджэщакIуэ советым и зи чэзу зэхуэсыр мэкъуауэгъуэм и 19-м КъБР-м и Правительствэм и Унэм щекIуэкIащ.

АБЫ и лэжьыгъэм хэтащ КъБР-м и Президент, Жылагъуэ-чэнджэщакIуэ советым и Iэтащхьэ **Къанокъуэ Арсен,** КъБР-м и Парламентым и УнафэщI **Бечелов Ильяс,** КъБР-м и Президентым и Администрацэм и УнафэщI **Къэжэр Альберт,** УФ-м и Президентым и полномочнэ лIыкIуэу Ипщэ федеральнэ округым щыIэм и аппаратым и федеральнэ инспектор **Меркулов Александр,** КъБР-м и Правительствэм и УнафэщIым и къуэдзэ **ДыщэкI Мадинэ,** Жылагъуэ-чэнджэщакIуэ советым хэтхэр.

ЗэIущIэр къызэIуихри, КъБР-м щыпсэухэм я узыншагъэр хъума хъун папщIэ екIуэкI лэжьыгъэм нэхъри зегъэужьыным, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэр Урысейм зэрыгухьэрэ илъэс 450-рэ зэрырикъум ехьэлIауэ яухуэ аркэм и теплъэу щытыныр убзыхуным, абы фIащынум щхьэкIэ мы советыр зэрызэхуашэсар жиIащ Къанокъуэ Арсен.

Япэу псалъэ зрата, КъБР-м узыншагъэр хъумэнымкIэ и министр **Бицу Вадим** къызэхуэсахэм яжриIащ и нэIэ щIэт IэнатIэм и Iуэху зыIутыр. Абы и псалъэхэм къыпащащ КъБКъУ-м медицинэмкIэ и факультетым и декан **Зэхъуэхъу Руслан,** медицинэ лэжьакIуэхэм я профсоюзхэм я республикэ комитетым и Iэтащхьэ **Яськовэ Ольгэ,** КъБР-м узыншагъэр хъумэнымкIэ и министру щыта **Бер Мухьэдин,** Жылагъуэ-чэнджэщакIуэ советым социальнэ, сабийхэм, анэхэм я IуэхухэмкIэ и комиссэм и унафэщI **Шорэ Раисэ,** нэгъуэщIхэри.

Налшык къыдыхьэпIэм щаухуэ аркэм и теплъэр зэрыщытынур яубзыхун папщIэ хаха комиссэм ищIа унафэр къызэхуэсахэм я пащхьэ кърилъхьащ КъБР-м и Президентым и чэнджэщэгъу **Думэн Хьэсэн.** Абы игъэбелджыла Iуэхугъуэхэм хуаIэ еплъыкIэр къаIуэтащ Жылагъуэ-чэнджэщакIуэ советым хэтхэу **IутIыж Борис, ХьэфIыцIэ Мухьэмэд, Вэрокъуэ Владимир, Аттаев Жэмал, Созаев Ахъмэт** сымэ, нэгъуэщIхэми.

НЭЩIЭПЫДЖЭ Замирэ.

● Къэрал къулыкъущIапIэхэм

Сурэтыр **МАМИЙ Руслан** *трихащ.*

Ещанэ увыпIэ къэзыхьахэр

Налшык къалэм дэт «Интурист» хьэщIэщым зэIущIэ иджыблагъэ щекIуэкIащ техническэ инвентаризацэ IэнатIэр илъэс 80 икIи «Ростехинвентаризацэ» ФГУП-р илъэс 40 зэрырикъуам теухуауэ.

А ЗЭIУЩIЭМ хэтащ Ипщэ федеральнэ округым и федеральнэ инспектор нэхъыщхьэу КъБР-м щыIэ **Меркулов Александр,** «Ростехинвентаризацэ» ФГУП-м и щIыналъэ IуэхущIапIэм и унафэщI **Хулаев Эдуард,** КъБР-м и Президентым и Администрацэм и УнафэщIым и къуэдзэ - КъБР-м и Правительствэм и Аппаратым и унафэщI **Къанокъуэ СулътIан**, къэрал мылъкур зехьэнымрэ щIы ресурсхэмкIэ министр **Сэхъу Мухьэмэд**, финансхэмкIэ министр **Бышэн Азрэт,** федеральнэ, республикэ ведомствэхэм я унафэщIхэр, район муниципалитетхэм я администрацэхэм я Iэтащхьэхэр.

ЩIыпIэхэм щыIэ инвентаризаторхэм я лэжьыгъэм, къэкIуэну зэманым абыхэм зыхуагъэувыж къалэнхэм я гугъу ищIу къэпсэлъащ «Ростехинвентаризацэ» ФГУП-м и къудамэу Къэбэрдей-Балъкъэрым щыIэм и унафэщI **Щыхьмырзэ Хьэсэнбий.** Инвентаризацэм и республикэ IэнатIэм и лэжьакIуэхэм гуапэу ехъуэхъуащ **Хулаев Эдуард.** Абы къигъэлъэгъуащ илъэс кIуам ирагъэкIуэкIа лэжьыгъэм кърикIуахэмкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэм Ипщэ федеральнэ округым ещанэ увыпIэр зэрыщиубыдар.

ГуфIэгъуэшхуэу щытащ «Газ-2107» автомобилыщIэ псынщIэхэу 10-м я IункIыбзэIуххэр БТИ-м и район къудамэ псоми, апхуэдэуи Налшык, Бахъсэн къалэхэм я лIыкIуэхэм зэрыратар. Бгылъэ щIыпIэу зэрыщытыр къалъытэри, Эльбрус районым саугъэт хуащIащ «Нива-Шевроле» автомобилыр. БТИ-м и Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэм кърататщ Японием щащIа автомобиль псынщIэ «Ниссан-Премьер» иужьрей моделым хуэдэ. Абы къищынэмыщIауи республикэ къудамэм кърататщ компьютер 15. Федеральнэ БТИ-м и къудамэу Аруан районым щыIэм и унафэщI Уэсмэн Мусэ илъэс куэд лъандэрэ лэжьыгъэфI зэрыригъэкIуэкIым папщIэ Урысейм и инвентаризаторхэм я Федеративнэ союзым и ЩIыхь медалыр къыхуагъэфэщащ. ЛэжьакIуэ гупышхуэм кърататщ IэнатIэм и щIыхь тхылъхэр, саугъэтхэр.

БЭЧ Iэуес.

● Обозревателым и псалъэ

Зыщагъэгъупщэн хуейкъым

БлэкIа XX лIэщIыгъуэр тхыдэм зэи хэмыкIыжыну къыхэна къэхъугъэхэмкIэ хуабжьу къулейуэ щытащ. Ди жагъуэ зэрыхъунщи, абыхэм я нэхъыбэ дыдэр лъыгъажэм пыщIат. Апхуэдащ Япэ дунейпсо зауэр, къэралыщIэ щаухуэм Урысейм щекIуэкIа Граждан зауэр икIи, дауи, ЕтIуанэ дунейпсо зауэмрэ абы хиубыда Хэку зауэшхуэмрэ. Абыхэм цIыху мелуан куэд дыдэ хэкIуэдащ, хэщIыныгъэ инхэр къэшащ.

ЗИ ГУГЪУ тщIы лIэщIыгъуэм нэгъуэщI лъэужь Iэджи къигъэнащ, ауэ дэ ди дежкIэ нэхъ гуимыхужу икIи гуихыу щыIэр 1941 гъэм мэкъуауэгъуэм и 22-м и нэхущым ди къэралым къыщылыда мафIэ лыгъэрщ. Совет цIыхухэр нэху къекIащ дунейм и тхыдэм хэта бийм бзаджэхэм я нэхъ хьэщхьэрыIуэ дыдэ фашист Германиер ди къэралым къытеуауэ. А зэманым абы и дзэм нэхърэ нэхъ лъэщи дунейм тетакъым.

Нацистхэм властыр зыIэрагъэхьа иужь, зауэм щIэгъэпсынщIауэ зыхуагъэхьэзыру щIадзащ. Гитлер щIимыуфэу жиIат Япэ дунейпсо зауэм къыщыхагъэщIа Германием фIэкIуэда и щIыналъэхэр славяныщIхэмрэ СССР-мрэ я хьэкъкIэ зэфIагъэувэжыну зэрамурадыр. Абы хуабжьу щыгуфIыкIащ СССР-р къэзылъагъу мыхъу къуухьэпIэ къэралхэр. Абыхэм зэуэ ящыгъупщэжат Версаль мамыр зэгурыIуэныгъэм ипкъ иткIэ Германием дзэшхуэ, дзэ-хьэуа къарухэр, дзэ-тенджыз флот лъэщ иIэ зэрымыхъунур. Уеблэмэ абыхэм мылъкукIэ Германием и промышленностым зыщIагъэкъуащ. Дуней псом къыщамылъытэ СССР-м езым и закъуэ сыт хуэдэ Iуэхури зэфIигъэкIын хуей хъурт. 1939 гъэм ирихьэлIэу Германиер дунейм щынэхъ лъэщ дыдэ къэрал хъуат.

АрщхьэкIэ къуухьэпIэ къэралхэр щыуауэ къыщIэкIащ. Абыхэм я гугъащ и къарум зэрыхигъахъуэу Гитлер СССР-м теуэну. АрщхьэкIэ фашистхэр епIэщIэкIакъым. Абыхэм нэхъ тэмэму къалъытащ япэ щIыкIэ КъуухьэпIэ Европэр къанэ щымыIэу зыIэрагъэхьэныр. Ар абыхэм тыншу къайхъулIащ. США-ми Инджылызми зы псалъэ жаIакъым Гитлер Австрием зэрытеуам, адрей къэралхэр зэриубыдам теухуауэ. Польшэм и щIыналъэм ихьа иужькIэщ ЕтIуанэ дунейпсо зауэр къыщыхьеяр. Ауэ иужькIи фашистыдзэм къиизэуащ континентым щыIэу къащIэмыхьэу къэна къэралхэр. ИтIанэщ СССР-мкIэ къэплъэн щыщIидзар.

СССР-р зауэм хуэхьэзыртэкъым. Ауэ ар хьэзырт Инджылызымрэ Франджымрэ зэгурыIуэныгъэ ярищIылIэну, арщхьэкIэ КъуухьэпIэр иджыри щыгугъырт икIэм-икIэжым Берлин Москва теуэну. Абы къыхэкIыуи зэдэIэпыкъуным теухуа а зэгурыIуэныгъэм Iэ традзакъым. Утыкум и закъуэ къина Совет Союзым хэкIыпIэ къилъыхъуэн хуей хъуащ фашистхэр къыщыттеуэну зэманыр (ар апхуэдэу зэрыхъунум шэч хэлъыжтэкъым) игъэIэпхъуэн папщIэ. Аращ зыр зым темыуэным теухуа зэгурыIуэныгъэ Гитлер иращIылIэн хуей щIэхъуари. Фашист Германием и гуапэу а зэгурыIуэныгъэм Iэ тридзащ: абы и дежкIэ а тхылъыр зыми ищIыстэкъым, щыхуей дыдэм и деж къызэпиудынуи и мурадт.

ИкIи зыпигъэплъакъым: 1941 гъэм мэкъуауэгъуэм и 22-м и нэхущым фашист кхъухьлъатэхэм гъунапкъэм и гъунэгъу ди къалэхэм бомбэхэр трагъэлъэлъащ, фашист танк бжыгъэншэхэр къежьащ, унафэм пэплъэу щыса дзэр хьэщхьэрыIуэм хуэдэу къебгъэрыкIуащ. Фашистхэр тхьэмахуитIым кърыубыдэу километр 600-м нэскIэ ди щIыналъэм къыпхырыкIащ. Зэхэуэ гуащIэхэр щекIуэкIырт хы ФIыцIэм къыщыщIэдзауэ Баренц тенджызым нэсыху. Зэ еплъыгъуэкIэ нэмыцэхэм къайхъулIэ хуэдэт мазитI нэхъ дэмыкIыу Москва яубыдыным теухуауэ ящIа мурадыр. АрщхьэкIэ псом япэу езы фашистхэм къагурыIуэжащ СССР-р езыхэр зытеджэгухьа европэ къэралхэм зэрахуэмыдэр. Зауэм и япэ махуэм къыщыщIэдзауэ ди зауэлIхэм лIыгъэшхуэ дыдэ къагъэлъэгъуащ. Псалъэм и хьэтыркIэ, 9-нэ танккъутэ бригадэм щыщхэм зы махуэм танк 300 якъутащ, зауэм и япэ мазэм Геринг и авиацэу зыри зытемыкIуэу къалъытэм кхъухьлъатэ 1500-м щIигъу фIэкIуэдащ. Мазэм щIигъукIэ нэмыцэхэм къахуэщтакъым къэрал гъунапкъэм Iут Брест быдапIэр (дригушхуэу жыдоIэ ар зыхъумахэм ди лъэпкъэгъу куэд зэрыхэтар).

ИужькIэ щыIащ Москва, Сталинград, Курск я деж щекIуэкIа зэхэуэ гуащIэхэу совет цIыхур зэрыхыумыгъэщIэфынур къэзыгъэлъэгъуахэр. ИкIэм-икIэжым бий бзаджэр и гъуэм ираукIыхьыжащ. Абы псори щыгъуазэщ.

Хэку зауэшхуэм зи хуэдэ щымыIэ текIуэныгъэ къыщызыхьа совет цIыхухэм яхъумар езыхэм я щIыналъэхэм я закъуэкъым. Абыхэм хуит къащIыжащ бийм иIыгъ европэ къэралхэм я нэхъыбэ дыдэр.

ИУЖЬ ЗЭМАНЫМ лъышхуэ ирикIуту Совет Союзым хуит къищIыжа къэрал зыбжанэм блэкIар ящыгъупщэжауэ фэ зыщытрагъауэурэ абыхэм я щхьэхуитыныгъэм папщIэ зи псэр зыта ди зауэлIхэм зэфIагъэкIам и мыхьэнэр щагъэлъахъшэ, хэкIуэдахэм я фэеплъхэр ягъэпуд. Иджы дыдэ Эстонием (абы и щIыналъэм бийр щрахужым совет зауэл мин 400 хуэдиз хэкIуэдащ) щагъэIэпхъуащ Совет зауэлI-щхьэхуитщIыжакIуэм и фэеплъымрэ абы къыбгъурыт кхъэм щIэлъхэм я къупщхьэхэмрэ. Уеблэмэ нэхъ гуемыIуи ялэжьащ: а щIыпIэм пхырыкI гъуэгушхуэ яукъуэдииныу я мурадщ, и Iуфэхэм нэгузегъэужьыпIэхэр щыту. КIэщIу жыпIэмэ, хьэдэ къупщхьэхэм теувэну я мурадщ. Польшэми щрагъэжьащ (ар хуит къыщащIыжым хэкIуэдащ нэхъыбэж - совет зауэлI мин 600-м щIигъу) кхъэхэр гъэIэпхъуэным теухуа псалъэмакъ мышухэр. Сыт хуэдэ Iэмалри къагъэсэбэп езыхэр зи блыгущIэт США-мрэ Инджылызымрэ ягу зрагъэхьын папщIэ.

Псори зытещIыхьар политикэрщ. Ди жагъуэ зэрыхъунщи, долъагъу ар кхъэхэми зэрылъэIэсыр. Ауэ Урысейр сыткIи бгъэпудми хъуну къэзылъытэхэр хуабжьу щоуэ. Ди къэралыр лъэщу къызэфIоувэж. Ди цIыхухэм зэи ягу техуэнукъым Хэку зауэшхуэм лIыгъэ зезыхьэу зи псэр щызытахэм зэрахьа лIыгъэр ягъэлъахъшэу, абыхэм я фэеплъхэр хэутэн ящIу. Ар Урысейм и мызакъуэу СССР-у щытам хэта къэралхэм я дэтхэнэ унагъуэми егъэщIылIащи, тхыдэр зэзыхъуэкIыжыну хущIэкъухэм ар зыщагъэгъупщэн хуейкъым.

ШАЛ Мухьэмэд.

(Тхыгъэхэм 2-нэ, 3-нэ нап. фыкъыщеджэ).

Футболистхэмрэ сабийхэмрэ

● Гулъытэ



Налшык и «Спартакым» иужьрей илъэсхэм иIа ехъулIэныгъэхэм я фIыгъэкIэ футболымрэ абы хуэIэзэхэмрэ ныбжьыщIэ куэдым фIыуэ ялъэгъуащ. Мы IуэхумкIэ я насып къикIащ Кременчуг-Константиновское къуажэм сабий зеиншэхэр щаIыгъыу дэт школ-интернатым и гъэсэнхэм. Мыбыхэм я деж щыхьэщIащ «Спартак-Налшык» топджэгу клубым хэтхэу Заруцкий Александр, Кращенкэ Сергей, Джудович Миодраг сымэ.

СПОРТСМЕНХЭР къэзыухъуреихьа сабийхэр куэдым щIэупщIащ. ХьэщIэхэм цIыкIухэм тыгъэ хуащIащ спорт фащэрэ топхэмрэ икIи абдеж дыдэм спортсменхэмрэ интернатым и гъэсэнхэмрэ зэдэджэгуащ. Футболист цIэрыIуэхэм къагъэгугъащ къыкIэлъыкIуэ я къэкIуэгъуэм интернатым и топджэгу гупымрэ «Спартак-Налшыкымрэ» я зэхьэзэхуэ ирагъэкIуэкIыну. Мы Iуэхур къызэригъэпэщащ «Зыуэ щыт Урысей» Урысейпсо партым и Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ къудамэм.

ЖАНХЪУЭТ Зузэ.
Бахъсэн район.

Хэхыныгъэм пожьэ

АДЫГЕЙ. ***Мейкъуапэ къалэ администрацэм и унафэщIыр хэхыным теухуауэ 2008 гъэм гъатхэпэм екIуэкIыну хэхыныгъэхэм коммунистхэм къабгъэдэкIыу хэтынум и кандидатурэмкIэ КПРФ-м и щIыналъэ къудамэу Адыгейм щыIэм хэтхэр иджыри зэгурыIуакъым.***

АДЫГЕЙМ и коммунистхэм я пашэ Сенин Григорий иджыблагъэ зэрыжиIамкIэ, къагъэлъэгъуэну кандидатурэмкIэ ахэр зэгурыIуакъым, ауэ Мейкъуапэ къалэ администрацэм и унафэщI къулыкъур иджыпсту зезыхьэ Пивоваров Николай щхьэкIэ Iэ яIэтынукъым.

Абы нэмыщI, коммунистхэр арэзыкъым дызэрыт илъэсым и дыгъэгъазэм екIуэкIын хуея а хэхыныгъэхэр етIанэгъэ зэрагъэIэпхъуамкIэ. Абы мылъку лей текIуэдэну къалъытэ. Ауэ къащта унафэр хабзэм къызэритIасэр икIи хэхыныгъэхэм жыджэру зэрыхэтынур жаIащ.

Псоми зэрытщIэщи, 2008 гъэм гъатхэпэм Урысей Федерацэм и президент хэхыныгъэхэр къэралым щекIуэкIынущ. Арагъэнщ щIыналъэ хэхыныгъэхэри абы щIрапхар - цIыху нэхъыбэ участкэхэм екIуэлIэнущ.

Жылагъуэ нэхъ зэIузэпэщ

КЪЭРЭШЕЙ-ШЭРДЖЭС. ***Республикэм и правительствэм и жэрдэмкIэ, КъШР-м и жылагъуэ нэхъ зэIузэпэщыр зэхэгъэкIыным теухуа зэхьэзэхуэ щIыналъэм щекIуэкIынущ.***

АБЫ хэтынухэр зэпеуэнущ я къуажэ уэрамхэм, пщIантIэхэм, сату щIыпIэхэм, бэзэрхэм я къабзагъэмкIэ, кхъэхэр зэрызэрахьэмкIэ, жылагъуэм иIэ архитектурэ теплъэмкIэ. КIэщIу жыпIэмэ, я зэIузэпэщагъкIэ.

Зэхьэзэхуэм щытекIуахэм я цIэр къыщраIуэнур фокIадэм и кIэхэрщ. Япэ увыпIэр къызыхьамрэ зэпеуэм къыхэжаныкIахэмрэ щIыпIэ правительствэм ахъшэ саугъэтхэмкIэ игъэпэжэнущ.

ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олег.

Дунейм щыхъыбархэр

Карабулак и деж

Бандэ гуп теуащ ОМОН-м и базэу Ингушым и Карабулак жылагъуэм и гъунэгъуу щыIэм.

БзаджащIэхэр мэзым къыхэукIащ автоматхэмрэ гранатыдзхэмкIэ. Плъыру щIыхьэпIэм и деж щысамрэ нэгъуэщI хабзэхъумэ зыбжанэрэ уIэгъэ хъуащ. ОМОН-м хэтхэр бзаджащIэхэм япэувами, иужьрейхэм загъэпщкIужын яхузэфIэкIащ. Ахэр къалъыхъуэ. Шэч зыхуащI цIыху зыбжанэ яубыдащ.

Псы IэфIым и зэранкIэ

Москва областым щыIэ «Смена» лагерым зыщызыгъэпсэхухэм ящыщу сабий 50 сымаджэщым щIагъэгъуэлъхьэн хуей хъуащ я узыншагъэр занщIэу зэрызэIыхьам къыхэкIыу.

Ахэр плъыржьэр къэхъуащ, я щхьэр, ныбэр узу жаIэ. Псори зи ягъэр ахэр зрагъэфа лимонадрауэ хуагъэфащэ.

Амур областми абы ещхь нэщIэбжьэ къыщыхъуащ. Ауэ мыбы сымаджэ щыхъуам я нэхъыбэр балигъхэрщ. ЦIыху 60-м щIигъу сымаджэщым щIагъэгъуэлъхьащ. Дохутырхэм къалъытэ абыхэм тыкуэным къыщащэху яшха IэфIхэкIхэр зэкIуэкIауэ щытауэ.

Iуэхухэр зэхагъэкI.

КхъухьлъатэщIэхэр

Урысейм и авиакомпаниехэм яIэрыхьащ Воронеж щащI кхъухьлъатэщIэхэм ящыщу 18.

«Аэрофлотым» зэуэ транспорт кхъухьлъатэщIэу 6 къищэхуащ. Абы пыщIа гуфIэгъуэ Iуэхухэр екIуэкIащ УФ-м и Правительствэм и УнафэщIым и япэ къуэдзэ Иванов Сергей хэту.

Варшавэ и кум

Польшэм зыкъыщаIэтащ медицинэ лэжьакIуэхэм.

Абыхэм пэкIухэр ирагъэкIуэкI. Варшавэ и кум халат хужьхэр ящыгъыу щызэхуэсахэм жаIэ я лэжьэгъуэ зэманыр зэрыкIыхьыр, ират улахуэхэр зэрымащIэ дыдэр.

Къэралым щылажьэр сымаджэщхэм я процент 30-рщ «ДэIэпыкъуэгъу псынщIэхэр» зыхуэкIуэр сымаджэ хьэлъэхэм я закъуэщ.

Правительствэм къегъэгугъэ улахуэхэм хигъэхъуэну. Ауэ ар къыщыхъунур етIанэгъэщ икIи дохутырхэм хагъэхъуэну къагъэувыр зыхуэдизым ауэ жыжьэуи пэгъунэгъукъым.

Дохутырхэм Варшавэ и кум пщыIэ цIыкIухэр щагъэуващ.

Бэнэныгъэм хохьэ

Политик цIэрыIуэ икIи къулей дыдэ, Нью-Йорк и Iэтащхьэ Блумберг республикэ партым къыхэкIыжащ президентыгъэм щIэбэныну мурад зэрищIам къыхэкIыу.

Ар зы парт гуэрми пымыщIа кандидат щхьэхуэу щытынущ. Блумберг и мурадщ президент къулыкъум теухуа бэнэныгъэм доллар мелард тригъэкIуэдэну.

(ИТАР-ТАСС).

НОБЭ

◆ **Гидрографием и дунейпсо махуэщ.** 2006 гъэм лъандэрэ ягъэлъапIэ.

◆ **Урысейм и МВД-м и кинологие IэнатIэм и махуэщ.**

◆ Илъэс 50 и пэкIэ (1957) США-м и ФБР-м иубыдащ совет тIасхъэщIэх Абель Рудольф (Фишер В.Г.). Абель шпионыгъэкIэ ягъэкъуаншэу Iуэхушхуэ къаIэтри, судым абы илъэс 30 трилъхьат. 1962 гъэм мазаем и 10-м КъуухьэпIэ Берлинрэ ГДР-мрэ я гъунапкъэм телъ Глинике лъэмыжым Абель къыщахъуэжащ шпионыгъэкIэ ягъэкъуаншэу СССР-м суд зыщытращIыхьа американ кхъухьлъатэзехуэ ПауэрскIэ.

◆ Мэкъуауэгъуэм и 21 - 22-хэм ЕС-м и къэралхэмрэ абыхэм я правительствэхэмрэ я Iэтащхьэхэр хэту Европэ Советым и сессие Брюссель (Бельгие) щекIуэкIынущ.

◆ Мэкъуауэгъуэм и 21 - 30-хэм Москва щекIуэкIынущ XXIX Москва дунейпсо кинофестивалыр.

◆ Мэкъуауэгъуэм и 21 - 25-хэм Братиславэ (Словакие) щекIуэкIынущ Урысей лъэпкъ выставкэ.

◆ 1956 гъэм къалъхуащ усакIуэ Мыкъуэжь Анатолэ.

◆ **Дыгъэр къыщIэкIащ сыхьэти 5-рэ дакъикъэ 24-м, къухьэжынущ сыхьэт 20-рэ дакъикъэ 55-м.**

◆ **Махуэм и кIыхьагъщ сыхьэт 15-рэ дакъикъэ 31-рэ.**

ПIанэпэр зыгъэхьэзырар
ШАЛ Мухьэмэдщ.

Нэгъабэрей бжыгъэхэм нэхърэ нэхъыфIэкI

«Аурсэнтх» гъэмахуэ хъупIэхэм я штабым и унафэщI Гувэжыкъуэ Сэфарбий къызэрыджиIамкIэ, мы гъэмахуэ лъэхъэнэм Къущхьэхъу жыжьэм щаIыгъынущ Iэщышхуэу 9358-рэ, мэлу 7750-рэ, шыуэ 1466-рэ. Ахэр нэгъабэрей бжыгъэм нэхърэ хуэдитIрэ никъуэкIэ нэхъыбэщ.

СЫТ и лъэныкъуэкIи хуэхьэзыру я фермэхэр я пIэм ирагъэзэгъащ «Къэббалъкънефтетоппром» ОАО-м, «Коронэ-А», Лэскэн районым Лениным и цIэкIэ щыIэ жэуаплыныгъэ пыухыкIа зиIэ обществэхэм, унэй хьэрычэтыщIэу Атэлыкъ Мартин, Гъэунэ Борис, Архэст Хъусен, Нэчо Хьэсэн, нэгъуэщIхэми. Мы махуэхэм абыхэм иджыри зыбжанэ къахэхъуэнущ.

● Гъэмахуэ хъупIэхэм

«Аурсэнтх» гъэмахуэ хъупIэхэм я унафэщIыр хуабжьу хуэарэзыщ гъуэгуухуэхэм, связым и лэжьакIуэхэм, псым и Iуэхур тэмэму зэтезыублахэм. IэщыхъуэхэрI щыпсэу унэхэр, жэм къэшыпIэхэр, фермэхэм екIуалIэ гъуэгухэр зэпэщщ, узыншагъэм щыкIэлъыплъ пунктхэр хьэзырщ, махуэ къэс зыхуеину хьэпшыпхэмкIэ, ерыскъыхэкI зэмылIэужьыгъуэхэмкIэ цIыхухэр къызэгъэпэщыныр Дзэлыкъуэ районым и пщэ дилъхьэжащ.

Гувэжыкъуэ Сэфарбий зэрыжиIамкIэ, мы мазэм и япэ махуэхэм щегъэжьауэ гъэш хъарзынэ къаш, ар гъэупщIыIуауэ ящэ.

АРУАН Алий.
Дзэлыкъуэ район.

ЛъэужьыфIэхэр

Налшык дэт полиграфкомбинатымрэ «Эль-Фа» тхылъ тедзапIэ центрымрэ урысыбзэкIэ къыдагъэкIащ щIэныгъэлI цIэрыIуэ Къардэн Iэбубэ, абы ипхъухэу Замирэ, Залинэ сымэ ягъэхьэзыра лэжьыгъэ хьэлэмэтым, «След на земле» зи фIэщыгъэм, и япэрей тхылъыр, Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыху пэрыту, гуащIафIэу, зэчиифIэу щыта куэдым ятеухуа очеркхэр щызэхуэхьэсар.

МЫ ЛЭЖЬЫГЪЭМ щыгъуазэ дыхуещI парт, совет, хозяйствэ ухуэныгъэм, щIэныгъэм, щэнхабзэм, гъуазджэм, экономикэм, социальнэ Iуэхухэм хэлъхьэныгъэфI хуэзыщIа, куэдым пщIэ зыхуащIу къэгъуэгурыкIуа цIыху гъуэзэджэхэу 330-м, нобэ къытхэмытыжхэм, яIа зэфIэкIхэм, яхэлъа хьэл-щэнхэм, къащIэна IэужьыфIхэм.

Къэбгъэлъагъуэмэ, тхылъым «дащыIуощIэ» Хэку зауэшхуэм лIыгъэ щызезыхьахэу юрист Ансокъуэ Мухьэрбий, мэкъумэшым елэжьа Атабиев Магомет, щIэныгъэлI Балъкъэр Борис, хабзэхъумэ Уэлджыр Хьэжпагуэ, флотым хэта, япэ нагъыщэ зиIа капитан Вэрокъуэ Гъузер, Социалист Лэжьыгъэм и ЛIыхъужьхэу ухуакIуэ Алмэ Алий, колхозым и тхьэмадэ Бгъэжьнокъуэ Хьэчим, механизатор Iэрэмысэ Ахьмэд, парт, хозяйствэ лэжьакIуэшхуэ Ахъмэт Мусэбий, еджагъэшхуэхэу Къардэн Бубэ, Къатхъэн Мухьэмэд, тхакIуэхэу Киреев Михаил, Кулиев Къайсын, Къэбэрдей-Балъкъэрым и япэ президент КIуэкIуэ Валерий, дохутыр Емуз СулътIан, нэгъуэщI куэдхэми.

Тхылъыр зыгъэхьэзырахэм лэжьыгъэшхуэ ирахьэлIащ архив дэфтэрхэр джыным, ди республикэм нэхъ хуэщхьэпа цIыхухэр къыхэхыным, абыхэм я сурэтхэр зэхуэхьэсыным. ФIыщIэ хуэщIыпхъэщ тхыгъэхэр литературэм и хабзэхэм игъэзэгъэным егугъуа КIумыхъу Жылэбии.

Зи гугъу фхуэтщI лэжьыгъэ щхьэпэм къыкIэлъыкIуэнущ етIуанэрей тхылъри.

Къэплъытэ хъунущ Къардэнхэ Iэбубэ, Замирэ, Залинэ сымэ я гуащIэр ди лъэпкъ щэнхабзэм хуэфащэ тыгъэфIу, мыпсэужхэм я фэеплъ телъыджэу.

ТХЬЭМОКЪУЭ Барэсбий.

● ТхылъыщIэ

Пэжымрэ пщIымрэ

Èëúýñ êúýñ çýìàíêIý íýõú òïýæûæüý ìýõúó Õýêó çàóýøõóýð. Àóý àð çýè çè ëúýóæüûð òõûàýì õýìûêIóýàýæûíü èêIè äóíåèð ùûIýõõ õýãúóýùýæûíóêúûì - ìûáääæ çýìàíûð ùûêúàðóóíøýù. Íýõúàïýì çè õóýäý ÿìûëúýãúóà à ãóçàâýãúóý èí äûàýì ñîâåò öIûõóóõýó ìåëóàí 27-ì ùIèãúó (èóæüó êúûçýðàëúûòàõýì òàåùIûõûìý) õýêIóýääù. Ààû êúîêIûð çàóýì è ìàôIý ëûãúýð ñîâåò óíàãúóý ïîïè êúàìý ùûìûIýó ÿëúýIýñàóý. Àðàù çàóý ãóùIýãúóíøýì è óIýãúýõýð äè äåæêIý èäæûðè ùIýìûêIûæàð. Àïõóýäýõýð êIûæûðêúûì.

ÀÁÛ ÙÛÃÚÓÝÌÈ ÑÑÑÐ-ð ÿãúýëúýëúýæà èóæü êóýäó êúåæüàù Õýêó çàóýøõóýì è åêIóýêIûêIàð, àð åçûð êúýõúåèíûð êúûçûõýêIàì è ùõüýóñûãúóýõýð çýçûõüýêI «òõûäýòõýð». Ààûõýì ÿ äåæêIý çûðèêI äóíåæ ïîïè ùûöIýðûIóý äè äçýçåøõýì ýòõûæàõýð, äý, ëûãúýì è êòðûêîïñýì õýòà íýõúûæüõýì, êúýòIóýóýæõýð, áæûãúýõýì êúàãúýëúàãúóýõýð. Ïàëúýì è õüýòûðêIý, ïîëèòèêýì çûõýçûãúýìùIà Íîâîàäàîñêýì æàIý 1941 - 1945 ãúýõýì ïñîðè çýõýóó ñîâåò öIûõó ìåëóàí 60 (!) õýêIóýäà õóýäýó. Ààû «ùûõüýò» òåõúóý ùàïõúý äåëàãúý äûäý-õýð êúåõü.

Àð èäæûðè çûðèêIù: èäæû ÿãúýâó ôàøèñò Ãåðìàíèåð ÑÑÑÐ-ì êúûòåìûóàìý, äè êúýðàëûð ààû åóýíó ùûòàóý. Ãåðìàíèåì àð êúèùIýó ÿíý çûêúðèãúýùà õóýäýó æàIý. Ãåðìàíèåð õóýäýó Ñòàëèíèè çýðûïõóàëIóýó ùûòàóý êúûùIðàãúýäç. «Ìàéí êàìïô» («Ñè áýíýíûãúýð») òõûëúûð ôðàåð ëúûèêîûì èìûõà, ÑÑÑÐ-ð çýðûçýõàëúûóýíó «Áàðáàðîññà» ïëàíûð ààû è óíàôûì ùIýòó çýõàìûëúõüà õóýäýü. À ïîïè õóáàæüó óçýãúàãúýì.

1941 ãúýì è ãúýìàõóýì èðèõüýëIýó Ãåðìàíèåì êIýò ààòîìàòõýìêIý çýùIýóçýà çàóýëI ìåëóàí 8-ðý ìèí 500-ðý, êúóóõüëúàòý ìèí 10, òàíê ìèí 5-ðý 640-ðý, ààòîìàøèíý ìåëóàíûì íýáëàãúý. Àçý Ïëúûæüûì è äçýð çýðûõóóð çè íýõúûàýð æüû õóà IýùýêIý çýùIýóçýà çàóýëI ìåëóàí 5-ðý ìèí 310-ò. Àè êõúóõüëúàòýõýìðý òàíêõýìðý ôIàãúëIý êúàêIýðõóóð íýìûõýõýì ÿêõýì. Àèéð êúûçýðûòåýíóð êúûçúãóðûIóà ÑÑÑÐ-ì è äçýð IýùýùIýêIý çýùIèóçààýó ùIèäçàò. Óðèìûêúóàð ìàçý áæûãúýù.

À ïîïè ÿùIûãúóæ ôàøèñòûçýì ÊúóõüýïIý Åâðîïýð çýðèóàûääð, ôIûõ ìåëóàí 280-ì íýáëàãúý õóýëàæüýó çýðûùûòàð. ÀòIý, ìóðàä áçààæý èIàè, òåýôûíóó ÑÑÑÐ-ð àïõóýëèçó êúàðóêIý êúååýêI áëèì? Ôåâðîïñû.

Ààû ùûãúóýìè äè êúýðàëûì è óíàôýùIõýì ôIûó ýùIýæûðò êúàðóêIý õóýëèùêIý åôIýêIûíîûãúý äêIàè, ôèí çàóýì åçû ôèíõýì íýõúðý õóýëèùêIý íýõúûãú õýùIíûãúýó çýðûãúýóýàð. Àð êúûóìûëúûòýíêIý Iýìàë èìûIýó óçýòàåçûIûãúýíî ùõüýóñûãúýó.

Àðàù, õýó è äåæêIè ãóðûIýãúóýù äîíåæ ïîïè ùûíýõú ëúýù íýìûõýçýì òàåýì ìóðàä ÑÑÑÐ-ì è ïùIûõüýïIý êúûçýðûõýìõóàð. Ìåñ àðàù ïýæûð èêIè àð çûìè çýè õóùIýóôýíêúûì.

ÏÎËÈÙÓÊ Èâàí.

Зауэм и хьэзаб

● Фэеплъ

А махуэр - нэмыцэ зэрыпхъуакIуэхэр ди Хэкум къыщытеуа мэкъуауэгъуэм и 22-р - зауэм и хьэзаб псори зыгъэвахэм зэи ящыгъупщэнукъым. НапэкIуэцI фIыцIэкIэ гъэнщIа абы и тхыдэм ущриплъэжкIэ, а псэзэпылъхьэпIэ лъэхъэнэм ди цIыхухэм къагъэлъэгъуа лIыгъэмрэ къалъыкъуэкIа къару мыкIуэщIыжымрэ умыгъэщIэгъуэн плъэкIыркъым.

ЦIыху хей дапщэм я псэр щIата ТекIуэныгъэм, дапщэм я щхьэр зэуапIэ губгъуэм щагъэтIылъа! Балыхьищэр зи фэм дэкIа лIыжь-фызыжьхэр-щэ, зеиншэу къэна сабийхэм яшэчар сыт хуэдэ псалъэхэмкIэ къыпхуэIуэтэн!

ПСЫ Iэджи ежэхащ Хэку зауэшхуэр зэриухрэ. Арами, абы и Iэужь бзаджэр ноби кIуэдыжакъым. А зэман хьэлъэр зи нэгу щIэкIахэм ягу къагъэкIыжынрэ зэхуаIуэтэжынрэ я мащIэкъым. Ар дэ долъагъу ТекIуэныгъэ Иным и махуэр щыдгъэлъапIэкIэ. Апхуэдэ зэIущIэхэм къыщыхагъэщ ди щхьэхуитыныгъэм папщIэ зи псэр зытахэм я фэеплъ нэхум сыт щыгъуи пщIэ хуэщIын, зи насып къихьу къэзыгъэзэжауэ нобэ къытхэтхэм защIэгъэкъуэн зэрыхуейр.

Къулъкъужын Ищхъэрэ къуажэм щыщу зауэм Iухьащ цIыху 454-рэ. ЛIыхъужьыгъэ къагъэлъагъуэу бий ерум пэщIэтащ Дыджэ Залымхъан, Джэху Iэуес, Кумыщ Зураб, Есэнокъуэ Аслъэнбий, Щэрдан Шыхьбан, Щокъуий Хьэмид, нэгъуэщIхэри. Шэмзокъуэ ТIалэ ящыщщ Берлин къэзыщтахэм.

Ди жагъуэ зэрыхъущи, я унагъуэм къахыхьэжар зауэлI 219-рэщ, нобэ къытхэтыжыр цIыхуи 4 къудейщ. ТекIуэныгъэм и Махуэр мы гъэм щыдгъэлъапIэм абы кърихьэлIэфар ветеранитIщ - Ездэч Абузедрэ Пщыхьэщ|Iэ Нащиррэщ. Есэнокъуэ Аслъэнбийрэ Пщыхьэщ|Iэ Мухьэзрэ къэкIуэфакъым.

Ди жылэм дэтщ зауэм хэкIуэдахэм я фэеплъу щы. Япэр къуажапщэм Гъусэ Лъостэн и щIалих хэкIуэдам щыхуагъэуварщ, етIуанэр къуажэкум щыIэщ, ещанэр Къулъкъужын Ищхъэрэм щыщу къэзымыгъэзэжахэм я фэеплъщ.

ГуфIэгъуэ зэIущIэр япэм деж къыщыщIэддзащ. Къуажэ администрацэм и унафэщI Кумыщ Хьэмидбий ТекIуэныгъэм и Махуэ лъапIэмкIэ зэхуэсахэм ехъуэхъуа нэужь, еджакIуэ цIыкIухэм Хэкум, мамырыгъэм, лIыхъужьыгъэм, цIыхугъэм теухуа усэхэм драгъэдэIуащ. ИужькIэ етIуанэ фэеплъым деж дыкъехащ. Абдеж щIэлъщ лейтенант Накинрэ зауэлIитхурэ. Ахэр 1943 гъэм щIышылэм и 6-м Къулъкъужын бийм къыщытрахыжым хэкIуэдащ, ди къуажэм щыщIалъхьащ. Абыхэм яхэтащ Мэздэгу щыщ осетин щIалэ Акаев Михаил. Михаил и къуэм и адэм и кхъащхьэр къигъуэтыжри, псэуху (мы гъэм дунейм ехыжащ) гуфIэгъуэ махуэм ирихьэлIэу къыкIэлъыкIуащ. Накъыгъэм и 9 блэкIам абы и бынхэм я адэшхуэ лIыхъужьым и фэеплъым пщIэ хуащIащ. Ерыскъы зэмылIэужьыгъуэхэм нэмыщI, мэлитI къыздашэри, зыр зэхуэсахэм я Iэнэм тралъхьащ, адрейр зауэм и ве теранхэмрэ хэкIуэда зауэлIхэм я фызабэхэмрэ Iыхьэ хуащIащ.

Нэмыс хэлъу, къуажэдэсхэм я пщIэр иIэту ди жылэм дэсащ Хэжь Амдулчэрим. Абы и щIалэ Рашади и адэм и щапхъэм тетщ, зы илъэс къэмынэу ТекIуэныгъэм и Махуэ лъапIэм ирихьэлIэу зауэм хэта ди нэхъыжьыфIхэр гулъытэрэ тыгъэ гуапэкIэ егъэгуфIэ. Щокъуий Хьэмидбий и къуэ Хьэсэнбий ветеранхэр зыщигъэгъупщэркъым. Нэхъыжьхэр зыхуей-зыхуэфIхэм фIыуэ щыгъуазэщ икIи абыхэм я нэIэ трагъэтщ зэфIэкI зыбгъэдэлъ щIалэхэу Жыгун ФуIэд, Кумыщ Хьисэ, Ездэч Хьэлий, Нартокъуэ Лэжьрокъуэ сымэ, нэгъуэщIхэми.

Ди зэIущIэм кърихьэлIащ Бахъсэн район администрацэм и лIыкIуэ Маршэнкъул Борисрэ КъБР-м и Парламентым и депутат, Къулъкъужын Ищхъэрэм къыдэкIа Кърдэн Валерэрэ. Зауэм щыIа ветеранхэмрэ фызабэу къэнахэмрэ сом мин тхурытхукIэ Валерэ яхуэупсащ.

Дэтхэнэ ди зы цIыхуми и лъым хэпщIащ а зэман хьэлъэм тфIэкIуэдахэм я псэм щыщIахэр. Ветеранхэм я лIыгъэр щIэблэм зэи ящыгъупщэнукъым. А псор ди тхыдэм къыхэнэн, абыхэм я фэеплъ нэхур дапщэщи гъэлъэпIэн хуейщ.

КЪЭЗАКЪ Сэфарбий,
Къулъкъужын Ищхъэрэ къуажэм и ветеранхэм я Советым и тхьэмадэ.

"Хэку-Анэр къыводжэ!" плакатыр сурэтыщI Тоидзе Ираклий (1902-1985) зауэр щыщIидза япэ махуэхэм ищIащ.

Зыри къыддэIэпыкъуакъым

Джэрмэншык щыщу фызабэу цIыху 58-рэ, адэншэу - 137-рэ Хэку зауэшхуэм къигъэнащ. А IэнатIэ гугъум Iутахэм ящыщщ бын хырых зи закъуэу зыпIахэу Къумыкъу Гуащэ, Кърдэн КIуатI, МафIэдз Улэ сымэ. Бын тхурытху къахуэнат Иуан Сурэт, Куж Бабыхуэ, ЛIуп Бабынэ, Шыджынэ КIуэрыкIуэ сымэ. ХъутIатI ГуащэлъапIэ, ХъутIатI Мурзият, Скачковэ Еленэ, Маркияновэ Антонинэ сымэ - плIырыплI; Ажий Линэ, Кърдэн Марусэ, Семэн ЖанцIыкIу, Соблыр Хьэцац, ЛIуп Аминат, Мэз Марусэ, Шыджынэ Жамилэ, Шыджынэ Марусэ сымэ бын щырыщ я закъуэу япIащ а зауэжьым и зэранкIэ. Абыхэм нэмыщIа, бын тIурытI - 8-м, бын зырыз 23-м адэншэу къахуэнат.

МЫ ЗИ цIэ къисIуахэм гугъуехьышхуэ яшэчащ. Ахэр зауэ IэнатIэ пэрымытами, зауэ пэлъытэт гугъуехьу, гузэвэгъуэу ягъэвар. Арагъэнущ абыхэм я гъащIэр кIэщI зыщIари... Ди жагъуэ зэрыхъущи, сэлэт фызабэ 58-м щыщу нобэ зыри псэужкъым, сабий зеиншэу къэнахэми я нэхъыбэр дунейм ехыжащ.

Хэку зауэшхуэм хэтащ Джэрмэншык щыпсэуауэ цIыхуи 176-рэ. Абы ящыщу 95-р хэкIуэдащ, къэзыгъэзэжахэм ящыщуи псэужыр Ажий Хьэбасрэ Плесной Иванрэщ. Колхоз тхьэмадэм и къуэдзэу лэжьа МафIэдз Хьэжмусэ зауэр къызэрыхъейуэ фронтым кIуат. Илъэс нэхъ дэмыкIыуи унагъуэм къаIэрыхьащ тхылъ нэщхъеягъуэр. Абы итт Хьэжмусэ лIыгъэ хэлъу Хэкум папщIэ и псэр зэритар. Абы и щхьэгъусэ Улэ къуищрэ пхъуищрэ къыхуэнат: нэхъыжь Тозыр илъэс 12-м итт, нэхъыщIэ Розэ иджыри сабийт - мазэ 11 хъуауэ арат. ГуIэгъуэшхуэт Улэ къытепсыхар... ЦIыхухэм яшхын, щатIэгъэн ягъуэтыртэкъым. Сыт къалэжьми, Iуэхум ахъшэу къыхахыр мащIэт, - псори зауэм Iутхэм я деж ирагъашэрт. Апхуэдэу Iуэхур щыхъум, сытыр ищIэнт, IэнатIэ гугъум щIэх дыдэу пэрыуващ Улэ. Ар жэщи махуи колхоз губгъуэм щылажьэрт икIи колхоз правленэр зэрихьэрт, - жэщыбгым къипхъэнкIырт, къилъэсырт, нэхущым хьэкухэм мафIэ иращIэрт. Анэм телъ гугъуехьыр я нэгу щIэкIырт быным я нэхъыжь Тозыррэ Нонэрэ. Ахэр сабийуэ еджапIэр къагъанэри, колхозым хыхьащ, анэм и гугъуехьыр дагъэпсынщIэну.

Тозыр лэжьащ Iэхъуэуи, пхъэIэщэм тесуи, механизаторуи. Апхуэдэурэ зэманыр кIуэрт. Улэ и щIалищми - Тозыри, Хъызыри, Назири - Хэкум къулыкъу хуащIэри къагъэзэжащ, Зое Налшык дэт педучилищэм щеджэрт. Абыхэм я насып къэкIуэгъуэу арат. АрщхьэкIэ, Улэ и быным я гуфIэгъуэ имылъагъуу, и ныбжьыр илъэс 60-м зэрыфIэкIа щымыIэу дунейм ехыжащ.

Гугъуехьышхуэт Кърдэн КIуатI и гъащIэри. Колхоз лэжьыгъэм фэбжь хихауэ, и зы лъакъуэр щIагъуэу къыдэбзыжтэкъым. Ауэ абы щхьэкIи къэмынэу, жэщи махуи колхоз губгъуэм хэтт. ИкIи и закъуэу ипIырт и быниплIри, и пщыкъуэмрэ нысэгъумрэ къащIэна сабий зеиншитIри. КIуатI и быным хуэдэу ипIащ, гъуэгу тэмэм тригъэуващ зеиншэу къэна Хьэжсуфрэ Хьэмидрэ. ТIуми унагъуэ яригъэгъуэтри, щхьэхуэу игъэтIысыжащ. Къаруушхуэрэ цIыхугъэшхуэрэ къылъыкъуэкIащ абы.

Зи щхьэгъусэ зауэм хэкIуэда фызабэхэм къэралым пенсэшхуи къаритакъым. ЛыхэкIыр, шэхэкIыр, цыр, джэдыкIэр властым етынымкIэ къалэнхэри, заданэхэри, а зэманым цIыхухэм Iэ зытрагъадзэу щыта заемхэм щыщи щхьэщахакъым икIи хуагъэмэщIакъым. Фызабэхэм я бынхэр егъэджэнымкIэ къэралыр дэIэпыкъуэгъу зэрыхъуаи щыIэкъым. Абы къыхэкIыуи, нэхъыбэр щIэныгъэншэу къэнащ, адэ зиIэхэм, адэ-анэхэм я фIыгъэкIэ зыхуей зыгъуэтхэм ехъуапсэу псэуащ.

Зи адэ зауэм хэкIуэда сабии 137-м щыщу щIэныгъэ нэхъыщхьэ зэзыгъэгъуэтар 8 къудейрщ, училищэ е техникум щеджэфар цIыхуиплIщ, класси 10-р цIыху 13-м къаухауэ аращ. Нобэр къыздэсми фэтэр, унэ-лъапсэ зимыIэхэр абыхэм яхэтщ.

Зи адэр зауэм хэкIуэдахэм папщIэ 1945 гъэм Налшык къыщызэIуахауэ щытащ еджапIэ-интернат. Абы и еджакIуэхэр махуэм щэ ягъашхэрт, пщIэншэу яхуапэрт. Ауэ а интернатым щеджэхэм я нэхъыбэм адэ-анэ ящхьэщытт, къулыкъуфI пэрытхэри яхэтыжу. Нэгъуэщ|I къалэ щеджэну бронь зратри абыхэм я бынхэрат.

Училищэ, техникум е институт щыщIэтIысхьэкIэ, адэншэхэм зы льготи яIэтэкъым, еджэну зи насып къихьахэми сессэм и зы экзаменкIэ щы къахьамэ, степендиер иратын щагъэтт. Апхуэдэ щапхъэ мыщхьэпэхэр а зэманым куэду щыIащ.

Пэжщ, нэхъ иужьыIуэкIэ къэралым интернат куэд къыщызэIуахат, ауэ абы зи адэ зауэм хэкIуэда сабийхэр я ныбжькIэ хиубыдэжакъым. Ахэр куэд мэхъу, ауэ ноби, я ныбжьыр хэкIуэта пэтми, къэралым и дежкIэ ахэр гулъытэншэу къызэрынар дигу къоуэ.

Апхуэдэхэм я гъащIэр тынш щащIын мурадкIэ, 1995 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэрым къыщызэрагъэпэщауэ щытащ Хэку зауэшхуэм хэкIуэдахэм я бынхэм я зэгухьэныгъэ. АрщхьэкIэ, ди жагъуэ зэрыхъущи, властыр дэIэпыкъуэгъу къазэрыхуэмыхъум и зэранкIэ, 2000 гъэм я лэжьыгъэр зэтрагъэувыIэжын хуей хъуащ. Налшык и къалэ исполкомым а организацэм и Советыр щылэжьэну зы пэш цIыкIу нэхъ мыхъуми къыхуэгъуэтатэкъым. А зэгухьэныгъэм хэтхэм лъэIу тхылъкIэ зызыхуамыгъэзауэ республикэм IуэхущIапIэ куэди къинэжакъым, ауэ ахъшэкIэ е мылъкукIэ къадэIэпыкъун зы щIыпIи щагъуэтакъым. ЛъэIу тхылъкIэ зызыхуагъэза IуэхущIапIэ псоми щыщу къапэджэжар зы закъуэщи, абыи сом 200-кIэ закъыщIигъэкъуэфауэ аращ.

СызэреплъымкIэ, 2000 гъэм лъэлъэжа, а дызытепсэлъыхь зэгухьэныгъэр щIэрыщIэу къызэгъэпэщыжын хуейщ. Хэку зауэшхуэм хэкIуэдахэм я бынхэр махуэ къэс нэхъ мащIэ мэхъу, ауэ Афганистан, Шэшэн зауэхэм зеиншэ ищIахэр абыхэм я пIэ йоувэ. Зи лIыр зауэм къыщаукIа фызабэхэм, абыхэм я бынхэм гугъуехьрэ хьэзабу ятелъар сэ си нэгу щIэкIащ, гурэ псэкIэ зыхэсщIащ я гъащIэ дыджыр. Дэтхэнэри апхуэдэ мыгъуагъэм Тхьэм дыщихъумэ.

ЛIУП Нурхьэлий,
зауэмрэ лэжьыгъэмрэ я ветеранхэм я къуажэ Советым и унафэщI. Джэрмэншык къуажэ.

Си дежкIэ щапхъэщ

Ди нобэрей мамыр псэукIэм папщIэ екIуэкIа Хэку зауэшхуэр сэ си нэгу щIэмыкIами, абы теухуа хъыбар Iэджэ сыщIигъэдэIуу щытащ си адэшхуэ Дохъушыкъуэ Мухьэмэд Мысхьуд и къуэм.

УАЩХЪУЭДЭМЫЩХЪУЭУ бий бзаджэр Хэкум къыщытеуам, япэ махуэхэм дзэм ираджахэм ящыщт си адэшхуэри. 148-нэ фочауэ дивизэм хэту ар зауэм Iухьащ. И гум нэхъ къинэжахэм я гугъу къысхуищIыну сыщелъэIум, «Зауэм теухуауэ зыри пщыгъупщэркъым, ауэ нэхъыбэрэ си нэгу къыщIэувэжыр Курск деж щекIуэкIа зауэрщ», - къызжиIат.

Мухьэмэд батальоным и командирым ириджащ. «Адрей сэлэтхэм уакъызэрыхэщыр уи лъагагъым и закъуэкъым, атIэ Iуэхум нэхъ тегушхуэхэм, псынщIэу хэкIыпIэ къэзыгъуэтхэм уащыщщ. Бийм и танкыр къутэн хуейщ. ПхузэфIэкIыну укъигъэгугъэрэ?» - къыщыжриIэм, «СхузэфIэкI къэзгъэнэнкъым, ныбжьэгъу командир», - пидзыжащ си адэшхуэм.

Танк шынагъуэр зыкъуэт хьэуазащхьэ унэ цIыкIум и пкIэм зыщигъэбыдэри, си адэшхуэм гранатэр идзащ. Танкыр къэуащ. Ди сэлэтхэр абы игъэгушхуауэ унэм бгъэдэлъэдащ. Дадэ пкIэм къепкIэжа щхьэкIэ, псэууэ къэна танкистым и шэр къытехуэри джэлащ. УдзыпцIэм хэхуа Мухьэмэд къаIэтыжри унэм щIахьащ. Абы ирихьэлIэу къэсат дивизэм и командир генерал-майор Мищенкэ. «Нэгъэсауэ улIыхъужьщ, дамыгъэ лъапIэри пхуэфащэщ», - къыжриIащ си адэшхуэм. ИужькIэ Вагъуэ Плъыжь орденыр кърэтащ, «Хэкум и патриот» псалъащхьэм щIэту къыдэкI газетми си адэшхуэм зэрихьа хахуагъэм теухуа тхыгъэшхуи къытрадзауэ щытащ.

1943 гъэм Мухьэмэд кърэтащ Хэку зауэшхуэм и орденыр (езанэ нагъыщэ), абы къыкIэлъыкIуащ медалу 10. ахэр и бгъэм хэлъу, фIыщIэ тхылъхэр иIыгъыу 1945 гъэм и жэпуэгъуэм и лъахэм къигъэзэжащ.

Зауэ нэужьым си адэшхуэр, ухуакIуэ гупым я пашэу, илъэс 40-кIэ колхозым щылэжьащ. И гуащэдэкI хьэлэлым папщIэ абы къыхуагъэфэщат «КъБАССР-м щIыхь зиIэ и ухуакIуэ» цIэ лъапIэр. Республикэм и жылагъуэ-политикэ гъащIэми жыджэру хэтащ. 1993 гъэм, Балъкъэр лъэпкъым и къэщIэрэщIэжыныгъэ махуэр щагъэлъапIэм, адыгэбзэри, урысыбзэри, балъкъэрыбзэри зэхуэдэу зыIурылъ си адэшхуэр гуфIэгъуэ пэкIум къыщыпсэлъат. «ЛъэпкъкIэ сыадыгэщ, ауэ балъкъэрылъи сщIэтщ. Араци, зызгуэшыфынукъым. Нэхъыщхьэр мамыру, зызэхэтщIыкIрэ дызэгурыIуэу дыздэгъуэгурыкIуэнырщ», - псалъэхэр сэ зэи сщыгъупщэнукъым.

Нобэ къытхэмытыжми, си адэшхуэр фIыкIэ зигу къэмыкIыж Жэмтхьэлэ къыдэгъуэтэгъуейщ. Сыт щыгъуи цIыхум зыщIигъэкъуэну хьэзыру къэгъуэгурыкIуа си адэшхуэм лъэужь дахэ къигъэнащи, ар си дежкIэ пщIэщ, лъапIэныгъэщ, щапхъэщ.

ДОХЪУШЫКЪУЭ Залинэ.
Жэмтхьэлэ къуажэ.

Иджыри поплъэ

Бахъсэн щыщ Лэтокъуэ Шыкуэ и щхьэгъусэ Хьэмащэ зауэм щыдэкIым: «ЩIалэм хуэсакъ, сэ Iэмал имыIэу къэзгъэзэжынущ, къызэжьэ», - къыжриIат.

КЪИГЪЭЗЭЖЫНКIЭ гугъами, 1941 гъэм Брест быдапIэм и деж щыхэкIуэдащ. ЛIыхъужьыгъэ ин зэрахьэу фашистхэм япэщIэта зауэлIхэм адыгэ щIалэри яхэтащ. Ар зэрыт нэщхъеягъуэ тхылъри Шыкуэ къыIэрыхьат. Ауэ ар и фIэщ хъуакъым. «Хьэуэ, хьэуэ, тIасэ, си щхьэгъусэр зэрыпсэум шэч къытесхьэркъыми, згъеижынукъым. Апхуэдиз мафIэ лыгъейм хэтхэм ящIэ уи гугъэрэ дэтхэнэ зы зауэлIми и Iуэху зэрыхъуар! Хьэмэрэ ахэр щыщыуэ къэмыхъу фи гугъэ?» - къажриIэрт.

Зэманым псори пщегъэгъупщэ жаIэми, зэрыпщимыгъэгъупщэр и щыхьэтщ мы нанэм къикIуа гъуэгуанэ кIыхьыр.

Апхуэдиз зэманым, илъэс 66-м, а хъуэпсапIэр, гугъапIэр и гумрэ и псэмрэ щигъафIэу нобэми псэу нанэм и Iуэхур пфIэмытелъыджэн плъэкIыркъым.

Пщэдджыжьым щIидзэрэ жэщ хъуху, жэщ хъуамэ, нэху щыху, апхуэдэу зы махуэм адрейр кIэлъыкIуэу мэпсэу нанэр гугъэурэ. ПIэ кIуэцI щигъуалъхьэм нэхърэ щхьэгъубжэм дэплъу щыщысыр нэхъыбэщ. «Ар къыщIэмыхьэжауэ гъуэлъыж си хабзэтэкъым. Иджы си жыыщхьэ ар къэзублэн хуейуэ ара?» - къажреIэ.

Нанэр лъагъугъуафIэщ, угъурлы нэгущ, хъу эму, мыпIащIэу къыщопсалъэкIэ, удехьэх, и щIалэгъуэм иIа акъылым зыгуэри хэщIауэ къыпхуэщIэркъым.

Зауэм и пэ, и ужь лъэхъэнэхэм гугъуехь куэд зи фэм дэкIа цIыхубзхэм ящыщ зыщ Шыкуи.

- Сыхьэт 18-кIэ губгъуэм диту дылажьэрт. ЦIыхухъуэр зауэм щыкIуэм, абыхэм я къалэнри ди пщэм къыдэхуэри, ди Iуэхур нэхъри гугъу хъуат. Гъавэр хэтсэрт, дыпщIэрт, къетхьэлIэ жырт, хъыдан вакъэ пIащIэжь цIыкIукIэ уэсым дыхэту нартыхур къыдэтчыжырт, гукIэ Налшык щхьэлым тшэрт. Нэмыцэр къэкIуа и ужькIэ, апхуэдэ зыми и нэгу Тхьэм щIимыгъэкIыжкIэ, Iэщ, джэдкъаз диIами, псори яшхат. Тхьэм и фIыщIэкIэ, куэдрэ зыщрамыгъэIэжьэу етIуанэ гъэм дахужат. Ди гуфIэгъуэм кIэ иIэну къытщыхъуртэкъым. ЦIыкIури инри лэжьыгъэ IэнатIэм бгъэдэтт. Сэ абы щыгъуэ къызэлъэIури жэмышу фермэм сагъэкIуат, Iэщыр Дзэлыкъуэ щыдашым, пщафIэу срагъусащ. ЩIалэ закъуэри си гъусэт, шкIэхэм якIэлъыплъырт, Iэщыхъу эхэм ядэIэпыкъурт. Апхуэдэурэ зэанэзэкъуэр дылажьэрт, зауэм дэдгъэкIар къыщыкIуэжынум дыпэплъэрт.

- ЩIалэ тхьэмыщкIэм, зауэм къэзыгъэзэжа гуэр илъагъумэ, нэпсыр и нэм щIэзу: «Дапщэщ ди папэ къыщыкIуэжынур? Щхьэ апхуэдиз у зигъэгувэрэ, зауэр иуха пэтми», - жиIэрт. Сэ абы: «Умыгузавэ, си щIалэ цIыкIу, къэкIуэ жыну дыкъигъэгугъакъэ, къэкIуэжынущ Iэмал имыIэу» жысIэу седэхащIэрт, - игу къегъэкIыж нанэм.



Лэтокъуэ Шыкуэ. *1938 гъэ*

Мис апхуэдэу нобэми поплъэ и щхьэгъусэм.

- Еплъыт мы тхылъым. Мыбы си адэри и къуэшищри итщ. Ахэр я хэкур яхъумэурэ хэкIуэдащ. Лэтокъуэ зэкъуэшхэу Хьэмащэ, Тлъостэнащ, Iэдэм, Ладин. А зэкъуэшхэм я цIэ фIащащ Бахъсэн и уэрамхэм ящыщ зым, - жеIэ Шыкуэ и къуэ Хьэсэн.

Нанэр жыыщхьэ махуэу щыIэм и зырызщ. Нысэ Дахэуэси, абы и нысэж Зулети нанэр нэм, псэм хуахьу ялъагъу, пщIэрэ нэмысрэ хуащIу зэдопсэу.

БЕКЪАЛДЫ Илэ.

Сэлэтхэр фронтым макIуэ.
Ленинград, 1941 гъэ, фокIадэ мазэ.

Хэкур къыщеджэм

● ГъащIэ

И пIалъэр къыщысым Биттиров Солтан дзэм ираджэ. Танкзехуэти, къулыкъур хъарзынэу ирихьэкIырт, зэманри кIуэрт, езыми, и ныбжьэгъухэми я бзэгупэ телъ зэпытт «я танкым и хуабжьагъым» теухуа уэрэдыр...

АУЭ АПХУЭДЭУ куэдрэ екIуэкIакъым. 1941 гъэм мэкъуауэгъуэм и 22-м и нэхущым Солтан зыхэт частым нэмыцэ кхъухьлъатэ гупышхуэ щхьэщохьэри, бомбэхэр тракIутэу щIадзэ. Танкзехуэ псори казармэм къыщIэкIыну хунэсакъым. Танкодромыр зэтракъутат, Биттировым илъагъуу и «КВ» лъэщыр мафIэм хисхьэрт.

Танкыншэу къэна Солтанрэ абы и гъусэхэмрэ фочауэ полкым гъусэ зыхуащI. КъуэкIыпIэмкIэ къимыкIуэту хъунутэкъым. КъыздэкIуэм Дубнэрэ Ровнэрэ я зэхуакум деж бийм и «хъым» щохуэ. Абы къикIыфынкIэ Iэмал гуэри щыIэу фIэщ щIыгъуейт. Ауэ батальоным и комиссар Тютюнник Николай хузэфIэкIащ ди зауэлIхэр а щIыпIэм кърищыну.

Абы лъандэрэ лIэщIыгъуэ ныкъуэм фIыуэ щIигъуащ, итIани лIыхъужьыгъэкIэ гъэнщIауэ щыта а махуэ хьэлъэхэр ноби гукъинэжщ, бийм и «хъым» къыщикIым Солтан зыхэта иужьрей Iэпщэрызауэ гуащIэм хэкIуэдахэм я фэеплъщ.

«Абы щыгъуэ сэ сызыхэтар Япэ Украин фронтым и 34-нэ дивизием и 59-нэ полкырт. Зауэм щIидзэри ещанэ махуэм ди частыр къаувыхьащ. Мазэ нэблагъэкIэ дыхэтащ а псэзэпылъхьэпIэ шынагъуэм. Зы махуи къэмынэу бийм и кхъухьлъатэу 25-м щIигъу къытщхьэщыхьэрти, щIыр бомбэкIэ иравыкIырт. ИхъуреягъкIэ мафIэ лыгъэт, щIылъэр Iугъуэмрэ гъуэзымрэ зэщIащтати, нэр игъаплъэртэкъым. Хьэуар сырымэмрэ лъымэмрэ якудат, уIэгъэхэр куэдт. ЖыпIэнурамэ, жыхьэнмэм и курыкупсэм дыкъихутат», - игу къигъэкIыжырейт Солтан.

КъаIэрыхьа унафэр кIэщIт - къыщаухъуреихьа щIыпIэм жэщым къикIын! Ар икъукIэ къалэн гугъут. Бийм укъыIэщIэкIын щхьэкIэ, абы и быдапIэр зэпыптхъыу Буг Ищхъэрэ псым уафIыкIын хуейт. Ар ди зауэлI куэдым къайхъулIакъым...

А псэзэпылъхьэпIэ бзаджэм къела танкзехуэхэр зыхэт частыр Тэн Iуфэ Iус Ростоврэ Харьковрэ я деж фашистхэм гуащIэу щапэщIоувэ. Къарухэр зэхуэдэтэкъым: ди дзэхэм танкхэр яхурикъуртэкъым, лъэсыдзэхэм къадэIэпыкъун хуей кхъухьлъатэхэр къаймэщIэкIырти, хэщIыныгъэшхуэ яIэу къикIуэтын хуей хъурт. ЩIалэ ахъырзэман Iэджэм я щхьэр щагъэтIылъащ а щIыпIэм, Донецк Ищхъэрэ псым и лъащIэр иужьрей увыIэпIэ зыхуэхъуахэри мащIэкъым...

Бий бзаджэм пэщIэт ди зауэлIхэр зэкъуигъэувэрт ди къэралышхуэм ис лъэпкъ псори зэрызэкъуэувам. Биттиров Солтани къыдэзауэхэм фIыуэ къалъагъурт, пщIэи къыхуащIырт. Псом хуэмыдэу, цIыхухъу лъагъуныгъэ лъагэ зэхуаIэт Солтанрэ Ивановэ къалэм щыщ танкзехуэ Петров Иванрэ. Ахэр куэдкIэ зэщхьт: тIуми илъэс 19 я ныбжьт, бийм щысхьырабгъу лъэпкъ хуаIэтэкъым.

Запорожье къалэм пэгъунэгъуу щекIуэкIа зауэ гуащIэм Петров Иван лIыхъужьыгъэ хэлъу щыщыхэкIуадэм, Солтан тхьэ иIуат и ныбжьэгъум и лъыр къэгъазэ имыIэу ищIэжынуи, и псалъэр игъэпэжащ.

Биттиров Солтан.

«Фашистхэр къаруушхуэкIэ къэкIуатэрт. Ди зауэлIхэр абыхэм хахуэу япэщIэтми, къалэхэмрэ къуажэхэмрэ къэдмыгъанэу хъуртэкъым. ЩытыкIэм зыщихъуэжар Баку къикIа танкыщIэхэр къытIэрыхьа нэужьщ. А махуэхэм Осетие Ищхъэрэм и къалащхьэ Орджоникидзе тхъума къудейкъым, атIэ апхуэдизу щытхъупс къызрагъэжэх генерал-фельдмаршал Клейст и танкыдзэхэр зэхэткъутащ. Бийр етхужьэри, Кавказ щIыналъэр хуит къэтщIыжурэ Армавир дынэсащ. А щIыпIэм ди частыр командованэ Нэхъыщхьэм щрата нэужь, Орлов-Курск зауэ гуащIэм дыхэтащ. Курск дугам псалъэмакъ щхьэхуэ хуэфащэщ. «Прохоровкэ» цIэр игъащIэкIэ си гум къинащ совет зауэлIхэм зэрахьа лIыгъэмрэ къалъыкъуэкIа къару мыкIуэщIыжымрэ я дамыгъэу», - къиIуэтэжырт ветераным хьэлъэу щатэурэ.

Дунейпсо зауэм и тхыдэм нэхъ гуащIэ дыдэу къыхэна а зэпэщIэувэныгъэ иным лъэныкъуэ куэдкIэ къыщыхэжаныкIащ батальоным и комсорг, гвардием и сержант, танкым и топгъауэ Iэзэ Биттиров Солтан.

Зэхэуэр зэщIэплъэ зэпытт. Биттировым гу лъетэ бийм и зы танкым и топыр хуэмурэ къызэрытригъапсэм. Солтан япэ йощри нэмыцэ танкым и чэщанэм дертышхуэ ирет, етIуанэ еуэгъуэм и гусеницэр зэпеуд. Езым и танкзехуэ Смирнов Михаил зреч, щIым тет топхэмкIэ къеуэ фашистхэм яхолъадэри, хьэбэсабэ ещI. Апхуэдэу а зэхэуэ закъуэм Биттировым щикъутащ зенит Iэщэрэ топ зэрагъауэ Iэмэпсымэ зытет «Фердинанд» езырызекIуэ машинэрэ...

Ипэ ит танкыр зэуэ и пIэм йожыхь. И Iэхэр ищIрэ къэувыIэну къыхуриджэу абы и пащхьэм бауэбапщэу зы сэлэт къохутэ. Псори гурыIуэгъуэт - гъущI гъуэгу лъэныкъуэмкIэ къыщыт мывэ унэм зыщызыгъэбыда нэмыцэхэр пулеметкIэ къахэуэурэ ди лъэсыдзэм зыкърагъэIэтыртэкъым. Командирым унафэ щитым, танкым и топгъауэ нэхъыфIу полкым къыщалъытэ Биттировым фашистхэм я быдапIэр зэ уэгъуэм ирех.

Ар къыщыхъуар Солтан къыщалъхуа махуэрт. Танкзехуэхэм мурад ящIат зэхэуэ нэужьым пщыхьэщхьэм илъэс 22-рэ зэрырикъумкIэ Биттировым ехъуэхъуну. Ауэ а махуэ дыдэм ар госпиталым щIохуэ. Зэрыхъуар мырат...

Киев областым хыхьэ Фастовэ къалэм деж Биттировыр зэрыс танкыр зытеува лагъымым къыщигъэуат. Кьелар Солтан и закъуэт. «Т-34» танкыр бийм Iэрымыхьэн щхьэкIэ а жэщ дыдэм къыIуалъэфыну хуожьэ. Биттировым тросыр пидзэну хунэсакъым - къыпэтIыса бийм къытригъэлъэлъа автоматышэхэм абы и щIыфэм зыпхадзащ.

Илъэс ныкъуэкIэ щIэлъащ зауэлI хахуэр госпиталым. Дэтхэнэ махуэри мазэ къыпщигъэхъуу зэманыр зэшыгъуэу кIуэрт. Солтан и гур зэуапIэ губгъуэм щыIэ зэпытт, щIэмычэуи щIатхыкIыжыну щIэлъэIурт. Куэд дэмыкIыу абы и лъэIур хуагъэзащIэ, мыпхуэдэуи къыжраIэ: «Къутахуэхэр уи тхьэмбылым зауэ нэужьым къыхэтхыжынщ».

Фронтым игъэзэжа нэужьи, Биттировыр щхьэмыгъазэу зэуащ. Ар ящыщщ Киев, Запорожье, Васильков, Бердичев, нэгъуэщI къалэ, къуажэ куэд хуит къэзыщIыжахэм.

«А сыхьэтым дыхэкIуэдэну щытми, къэгъазэ жыхуаIэр ди щхьэм къэкIыхэртэкъым, ауэ си насып кърихьэкIри сыкъелащ. Зауэ лъэхъэнэ хьэлъэм ди зауэлIхэм я нэгу щIэкIар, абыхэм зэрахьа лIыгъэр зы махуи сщыгъупщэркъым», - жиIэрейт нэхъыжьыфIым.

Къигъэлъэгъуа хахуагъэм папщIэ Солтан къыхуагъэфэщащ орденхэр, медалхэр, хэкум и нэгъуэщI дамыгъэ Iэджи. ПсэухункIи абыхэм я лъапIэныгъэр зыщигъэгъупщакъым. Нобэ къытхэмытыжми, абы и цIэр ди гум илъщ.

ЗАНКИШИЕВ Хъусейн.
Шэрэдж район.
Сурэтыр тезыхар **РАХАЕВ Александрщ.**

ЕЛГЪЭР Кашиф

ЕМ И НЭХЕЙКIЭ

Жыжьэ - гъунэгъу

МАИПЭЩИ, дунейм и дахэгъуэщ. КIэгъуасэм игъэуфIыцIа унэ блынхэм гъатхэм гъэгъакIэ сэху яретыж. Унэхэм ятелъ уIэгъэ щхьэфэгъухэр уIэгъэпх щабэкIэ - гъэгъакIэ дунейм хузэщIепхэ. ЩIым щыщ ящIыжыну ягугъа щхьэкIэ, унэ блынхэр къафIызэтенащ. Мес, иджы а блынхэм псэ къахохьэж. ДэнэкIи бзухэм уэрэд къыщраш, удз гъэгъахэм бжьэ цIыкIухэр хуопэкIу. «Сэ нэхърэ нэхъ уIэгъэшхуэ ятелъщ мо унэхэм, итIани ахэр къызэфIоувэж. Къэуэну хуейхэкъыми, зызэпэщIагъэкъуэжауэ щытщ... Ы-ы. Ара жыхуэпIэр? Сэ хэт зыкъыспэщIэзыгъэкъуэнур? Сэ си закъуэу дунейм сыкъытенакъэ? СлIо сызимыхьэнэжыр?..»

- Къэубыд, щIалэ! - щхьэгъубжэ лъабжьэмкIэ блэкI хъыджэбз цIыкIухэм удз гъэгъа къыдрадзей. ЩIалэр гупсысэ куум зыIэщIиубыдати, удзми гу лъитакъым. Хъыджэбзит Iыр дыхьэшхащ: «ФIыуэ плъагъуу къэбгъэнам и пщIыхьым ухэту ара? Мэ, щIалэ, къэубыд! УщыкIуэжкIэ абы хуздэпхьынщ», - хъыджэбзхэм аргуэру удз гъэгъар къыдрадзей. ЩIалэр мапхъуэ. АрщхьэкIэ удзыр Iэпэм тохуэри йохуэхыж. «Апхуэдэу фIэкI умыIэбэфмэ, уи хъыджэбзри пIэщIэкIыжынщ, - жаIэри хъыджэбзхэр дыхьэшхыу къызэролъэлъ. ЩIалэм и нэр къыщепхъуэ. Удз гъэгъауэ дунейм тетри, унэхэри, жыгхэри, цIыхухэри кIэгъуасэм щIегъанэ. Дунейр къытоуфэракIэ. Хъыджэбзхэм я дыхьэшх макъыр шэ къэуэжу, цIыхухэм я гъы макъыу зэхех. IэфракIэпэкIэ щхьэгъубжэм йоуэри, абджыр жьгъыжьгъыу мэлъалъэ. Езым и нэр щоункIыфIыкI, и щхьэр мэкIэрахъуэри мэджалэ...

- Къытхуэгъэгъу... ТщIакъым. Дынолъэлу, уи жагъуэ умыщI. Мис, удз гъэгъа Iэрамэшхуэ къыпхуэтхьащ, - дыгъуасэ щхьэгъубжэ лъабжьэм щIэта хъыджэбзитIыр щIалэм щхьэщытщ. Пщыбий и нэр абыхэм къатоплъызэ, удз гъэгъахэм йоплъ. Ауэ и гур жыжьэ щыIэщ. И гупсысэхэр уафэхъуэпскIыу золъатэ, и нэгум Iэджэ къыщIохьэ. Емрэ фIымрэ зэIуегъауэ, зэреудэкI. АрщхьэкIэ ер фIытокIуэ. Мы къыщхьэщыт хъыджэбзитIым хуэдэ дапщэ абы дяпэкIэ къыщыдыхьэшхынур? Удз гъэгъа къыпхуадзыр къэбубыдыныр щыгъэтауэ, къыпIэщIалъхьэр къыIымыхыфу... «Хэт сэ удз гъэгъа къызэзытыжынур? Хэт сэ зи Iэ къысхуэзышиижынур?» - щIалэм и щхьэр пIэипхъуэ щIагъым щIегъапщкIуэри зэщыджэу магъ. ХъыджэбзитIри щытщ гузавэу. ЩIегъуэжахэщи, псэууэ щIым щIыхьамэ нэхъ къащтэнт. Ауэ абыхэм сыткIэ ягу къэкIынт зыдэгушыIэну мурад яща щIалэм апхуэдиз хьэзаб и псэм телъу? СыткIэ хуагъэфэщэнт, щхьэгъубжэм къыдэплъу щыт щIалэщIэр езы хъыджэбз гуапитIым къехъуэпсауэ армырауэ? Езыхэми щIалэр ягу ирихьам пцIы хэлътэкъым. Пэжщ, абыхэм ящIатэкъым удз гъэгъакIэ зыхуэупсар апхуэдизу щIалэ цIынэу. И ныбжьыр илъэс 16 фIэкI мыхъуауэ. УIэгъэщым щыщIэлъкIэ - зауэм хэтащ, лIы хъуащ. Езыр щIалэ къамылыфэ дахэщ, и нитIри вагъуэм хуэдэу къолыдыкI. Гъатхэр хъыджэбз и шэгъуэм хуэдэщи, щIалэгур абы къызэщIигъэпIейтеяуэ арагъэнщ. Уи гур зыщIэхъуэпс лъагъуныгъэр дэри дужэгъужакъым. АбыкIэ хъыбар удогъащIэ жыхуаIэу, хъыджэбзитIым удз гъэгъар дэлэл ящIати, ар щIалэм егуэуащ. Iэ щIыIэкIэ и гущхьэм еIусащ. ГъащIэр ажалым тезыгъэкIуауэ гъатхэ дахэм хэплъэу щытыр щIрагъэгъуэжащ. Апхуэдэ някъуэдыкъуагъэ къыплъысауэ умыпсэужмэ нэхъыфIу и нэгу щIэкIащ, Iэ пымытыжхэмкIэ «теIэбащ».

- Мыр слIо, си хэкуэгъур щхьэ укъэдзыха? Мы хъыджэбз дахэхэр щхьэ бгъэгузавэрэ? - Пщыбий зыщIэлъ пэшым къыщIыхьэжа лIыр къогий. - Уэ Кавказым ущыщкъэ? УпIкъэ? Уи нэпсыр мыбыхэм щумыгъэлъагъуэ. Уагъэгъыну уи ужь къыщихьам дежи ящыдыхьэшх. КъыбгурыIуа, Шими? АращтIэ. Дыгъужьым угъкIэ гущIэгъу къыпхуищIынукъым. Пэжкъэ, хъыджэбз дахэ? - зи щхьэр уIэгъэпхкIэ зэщIэпха лIым хъыджэбзхэм захуегъазэ. Модрей тIур нэщхъейщ. Я щхьэр ящI, удз Iэрамэр щхьэгъубжащхьэм къытралъхьэри щIокIыж. ЛIы уIэгъэр гъуэлъыпIэм йотIысхьэ.

- СлIо, Шими, щхьэ укъэгумэха, хуэмыху? ЕмыкIукъэ ар? Апхуэдэу лIыгъэншафэ щхьэ зребгъэплърэ? Уэ сыпхуэдащэрэт... - жеIэри лIыр мэщатэ. - Уэ уи IитIыр къыбдалъагъунукъым. Iэр жыпым иплъхьэ мэхъу. Си нэгур унэ уэнжакъыншэ хуэдэ, сэ сытым сыщыщыж? Мыпхуэдэу сурэтыджэ сыхъуауэ дауэ Арменим зэрызгъэзэжынур? Ауэ гъэзэжын хуейщ, Шими. Псэууэ дунейм къытенэн хуейщ. Дэ къэдаха лейм, дэ къыттрадза дамыгъэм цIыхур зауэм щигъащтэу закъедгъэлъагъун хуейщ...

- Абы си гур фIы къысхуещI, гъащIэм сыхуреджэ. Сэри Оник сигу щIогъу. ИкъукIэ лей къылъысащ. Зи куэр уIэгъэу бийм яIэрыхьам псэууэ и щхьэфэр трахащ. И щхьэфэм къытраха фэр и пэ лъабжьэм традэжащ. «Си пащIэ тIэкIур фIыуэ къэкIыжат, Шими», - жиIэу Оник и Iупэ щIыIум йоIусэж. Абы си цIэр хужыIэркъыми, «Шимищ» къызэрызэджэр. ЩIалэ къабзэшхуэм и пэр трагъэжащ, зи пэр щыIэм трисыкIа нэмыцэхэм зэреIэзэнур къахутэн щхьэкIэ. Оник и сурэт иIыгъщ. ЩIалэ пащIапцIэу, пэ къуаншэшхуэу щытащ. Вы лIам сэ хэпIу нэхъей, сыт щхьэкIэ сегуэуэн жызоIэ, армыхъу абы иIыгъ сурэтым щыплъагъу щIалэмрэ иджыпсту си пащхьэ итымрэ шурэ лъэсрэ я зэхуакущ. Щхьэфэм къытраха лыр пащIэ щIыIум трагъэкIыжыфа щхьэкIэ, пэуэ нэгъуэщI лыр яхутегъэкIакъым. ЛIыр зэхаупщIэтат, лы Iыхьэ къызрамыгъэжа Iэпкълъэпкъ иIэжтэкъым. Куэдрэ операцэ ящIат. Абы хьэзабу и фэм дэкIам сэ си тхьэмыщкIагъэр, си узыр нэхъ сщигъэгъупщэрт, - жеIэ Пщыбий. - Шым и пащIэр пIуантIэмэ, и щIыбыр щогъупщэ жыхуаIэм ещхьти, зыхуэзгъэшэчырт, армыхъумэ си гъащIэм гуфIэгъуэ лъэпкъ хэслъэгъуэжыркъым. Щхьэгъубжэ лъабжьэм щIэту удз гъэгъар къысхуэзыдза хъыджэбзитIым хъыбар сагъэщIат си гъащIэ псокIэ сэ удз гъэгъа къызэризмычыжыфынумкIи, фIыуэ слъагъу и Iэпэ зэрызмыубыдыжыфынумкIи, адыгэ джэгу сыхыхьэу, адрей щIалэхэм хуэдэу, Iэгу сеуэу, сыкъафэу сызэрыхэмытынумкIи. А псори сэркIэ IэщIыб хъуат. СыIэбэкIэ сызылъэмыIэсынт. Арат сэ 1943 гъэм и гъатхэ махуэм сыкъыщымэхащ.

Пщыбий и нэгум пщIэнтIэпсыр къокIуэ. И хъыбарыр зэпегъэури, и напIэр ирехьэх. Сэри си Iэпхъуамбэхэр мэкIэзыз. Сытхэжыфыркъым. Си Iэпхъуамбэ кIэзызхэм гу къылъызыта лIым и нэгум къекIуа пщIэнтIэпсыр нэхъри уэр мэхъу. СтIолым телъ и Iэ папцIитIыр ирехьэх. Сэри си Iэпхъуамбэхэр зэщIызокъуэж. Си тхэныр зэпызогъэупэри хъыбарым сыщIэдэIуу сотIысыж...

ХЪЭПЭХЭ Езидрэ Джызэрэ жылэр зэхъуапсэм хуэдэ адыгэ унагъуэт. Я щIалищыр: Мухьэрбий, Пщыбий, Сэфарбий зэдэууэ къэхъурт. Хъыджэбзищри хъарзынэт. Властыр ува нэужь, япэ дыдэ щIэныгъэ зыгъуэта адыгэлIхэм ящыщти, Езид егъэджакIуэу лажьэрт. Джызэ сабиихымрэ и щхьэгъусэмрэ ядилъагъу насыпым зыкIи блэхъуэпсыкIыртэкъым. Абы ищIэнрэ ишхынрэ унэм иригъуатэрт. ЩIэкIар къыщIэмыхьэжын фIэщIу тегужьеикIауэ бынхэм яхэст.

- Сэри 1934 гъэм япэ классым сыкIуащ. Абы щыгъуэ ди адэр Терекскэм ирашри Белоглинкэ школым и директору ягъэкIуат. «ДяпэкIэ гъащIэр зыухуэнур, ар зыгъэIурыщIэнур цIыху еджахэращ. Ауэ щыхъукIэ, си бынхэри хэтын хуейщ абыхэм. Хэт емыджэми, и тхьэкIумэр тесчынщ», - жиIэрт си адэм. Псори дэгъуэу екIуэкIырт. Ди псэукIэр дахэт. Ди адэр зыхуэмыарэзы и бынхэм къытхэттэкъым. Дызэпеуэу деджэрт, ди гурыщIэхэр инт, ауэ узыщIэхъуэпс псор къохъулIэмэ, нэгъуэщI щыIэт. Инми цIыкIуми ди мурадыр къыттекъутэжащ...

Советскэ властым хьэлэлу хуэлажьэ коммунист Хьэпэ Езид нэмыцэхэмрэ полицайхэмрэ нэрыгъ къащIащ. Унагъуэр гузэвэгъуэхэмыкIыжт: Езид махуэ къэс ялъэфырт, къалъэфыжырт. Ажалыр бжэщхьэIум нэхърэ нэхъ благъэщ, жи. Гузэвэгъуэри апхуэдэщ. Армыхъу жэщым я пIэ изэгъэжа бынунэм я адэр щхьэщачауэ нэху къекIыну хэт и гугъэнт? Пэжщ, псори пэплъэрт а гузэвэгъуэм. Ауэ а жэщ дыдэм къалъэIэсыну ягугъакъым. Арати, Езидыр дашри бзэхащ. ЩIалэ нэхъыжьыр - Мухьэрбий - зауэм щыIэщ. Джызэ сабиитхум къахэнащ. Мэл гуартэм хэлъэда дыгъужьым зы псэ хиудкIэ зигъэнщIрэ? Езид даша щхьэкIэ, бийр пыIэркъым. Хьэпэхэ я унэм гущыхуэкIэ къытратхащ: «№20».

- Абы къикIыр къыщызгурыIуар зыбжанэ дэкIа нэужькIэщ. Дызэрыкоммунист быныр къыхагъэбелджылыкIауэ арат. 1943 гъэм и щIышылэм, сыдахуным и пэкIэ, сэ къызатауэ щытащ «№20» жиIэу зэрыт тхылъ гуэр. Ар щысIахыжари Щеицин къалэм дынэса нэужькIэщ. Сызэрыкоммунистыкъуэм щхьэкIэ къызащIэнумкIэ зэрыхуитым и дамыгъэу къыстрадзауэ арат ар...

1943 гъэм и щIымахуэ жэщым Белоглинкэ дахуа щIалэ цIыкIум гъуэгуанэ хьэлъэ зэпичащ. Зи щхьэр зи лажьэу къэна нэмыцэхэм зауэм гъэру щаубыда сэлэтхэмрэ щIалэгъуалэмрэ зыкIи къафIэIуэхутэкъым.

- Гъуэгум ди фэм щыдэкIам ущIэмыупщIэ. КъыщыкIуэм щыгъуэ фашистхэм яуфэкъати, гъуэгубгъухэр иджыри зэрыджафэт. ЦIыхум ябгъэдэлъыжIатэкъым, нэмыцэхэм яшхын ягъуэтыжыртэкъым. Абы дэ дакъыфIэIуэхужынт? Хьэуи дыкърадзэжыртэкъым. Щакхъуэ фIыцIэ IэпэщIэзрэ псы щIыIэ крушкIэрэ фIэкI шхыныгъуэ диIэтэкъым. Шхынри щхьэщIыбым дыдигъэдзэжауэ цIэм псэупIэ къыдитыжыххэртэкъым. Абы щыгъуэ тшэчамрэ ди нэгу щIэкIамрэ тщызыгъэгъупщэжын дыхуэзэну си гугъакъым. Ауэ ар хьэдрыхэ лъэмыжу къыщIэкIащ. АдэкIэт хьэдрыхэ дыдэр къыщытпэплъэр...

ГУ ЩIАГЪЫМ щIилъэфа жыгыщIэ цIыкIур къызэфIэбгъэувэжрэ зыхуей хуэбгъэзэжмэ, псынщIэ дыдэу зеукъуэдииж. АтIэми, гъатхэпэм деж. Зи ныбжьыр илъэс 16-м нэмыса Пщыбий гъуэгум щишэча хьэзаб псори тхьэмахуитIым къривыбыдэу щыгъупщэжащ. Зыхуихьынумрэ зэригъэщIэгъуэнумрэ имыщIэу и Iуэхур фIы хъуащ. «Нэмыцэхэри апхуэдэу гущIэгъуншэу къыщIэкIынкъым. Гъуэгум дыщымэжэлIащ, гугъу дыщехьащи иджы зыдагъэпсэхуж. Мыпхуэдэу тIэкIу зыкъэзужьыжауэ ди дей сыкIуэжамэ сехулIат. Армыхъу, «мыр слIо, Пщыбий, хьэпIацIэ иримыщIэну уагъэгъуаи», - къызжаIэурэ щIалэ цIыкIухэм сагъэпсэунукъым. Абы жаIэм щхьэкIэ IейIуэ сыгузэвэнтэкъым. Зэ сыкIуэжащэрэт. Ди Зид псэууэ пIэрэ? Дунейм дэнэу пIэрэ ар здахьар? Зид дашамэ, Мухьэрбий зауэм щыIэмэ, сэри мыбы сыкъашамэ, Джызэ и закъуэ адрейхэр дауэ зэрихьэну? А джыдэ мыгъуэ, сэ зэ згъэзэжащэрэт, си Iуэхут Джызэ дэIэпыкъуэгъу сыхуэмыхъутэмэ. Хадэ щIэгъуэщ. Сагъэхъужыну я гугъэу арамэ, уэлэхьи, сэ лажьэ симыIэт. Мы сымаджэщми сыщIагъэкIыж хъунутэм», - щIалэ цIыкIур Iэджэм йогупсыс, фIы фIэкIа Iей лъэпкъ игу къэмыкIыу.

- Апхуэдэурэ тхьэмахуитIыр дэкIащ. Хъунт иджы сызэрыIыгъар, къысхуащIамкIи сыарэзыт, саутIыпщыжами сыкъуэжыфынт жысIэу екIуэкIыурэ... АрщхьэкIэ зэрашхыжынур хуагъашхэ гъэгушхуэхыым хуэдэу сыкъызщIэкIащ... Дохутырхэм сраджэщ, сызэпаплъыхьщ, сыкъапщщ, сашэчри сыкъыщIрагъэшыжащ. Абы жаIэмрэ я гугъэмрэ сэ сыткIэ сщIэнт? КъыщытхуэупсэМ «ИванкIэ», къыщыгубжьым «партизанкIэ» дызэрашэу арати: «Кэрош, Иван», - жиIэри къыстеуIуащ дохутырыр. Ар илъэс плIыщIрэ зыщыплIым зи ныбжьыр нэс лIы гъур кIыхь гуэрт. Сырыхут, натIэшхуэт, фагъуэт. Зы Iуэху бэлыхь гуэрым иригузэвэ хуэдэу, и нэщхъыр зэхуэфа зэпытт. А махуэм нужькIэ си нэ щыцу сыцупIлъэжыфакъым. Ажалым улъпIлъэнт? Апхуэдэ т. АтIэ, арати, сыкъыщIашыжащ. Ауэ иджыри къэс сызыщIэсам сыщIашэжакъым. НэгъуэщI пэш сашащ. Сагъэгъуэлъри сестрахэр щIэкIыжащ. Нэгъуэщ I зы гъуэлъыпIи щIэтти и щхьэр зэщIэпхауэ абы зылI илът. Дунейм мы сымаджэр щхьэ гъусэ къысхуащIа? Сэ зыри си лажьэкъым. Апхуэдизу гущIэгъулыуэ пIэрэ мы нэмыцэхэр? Согупсысэ, согузавэ...

- Угъэр уэри? - зи щхьэ фIэпхыкIар щIалэ цIыкIум къоупщI.

- Хьэуэ. Сэ Кавказым сыкърахуащ, - жеIэ Пщыбий.

- Кавказым жыпIа? - лIыр къызэфIотIыс хьэ. - АтIэ, уэрэ сэрэ дызэ хэкуэгъущ. Сэ Арменим сыщыщщ, сыермэлыщ. Еу-уей, хъарып, мыбы дауэ укъыщIэухуэ?

- СщIэркъым. Дохутырым сыкъыщIигъэгъуэлъхьащ.

- «Дохутырым»... Дохутыр ар? ЛIыукIщ. Хэт жыпIа уи цIэр?

- Пщыбий...

- АтIэ, Шими, сэ Оникщ си цIэр, уэрэ сэрэ ди тхьэмыщкIагъэр зыщ. Ауэ къызжиIакъым жумыIэж, умыдзыхэ. Мыбы уэ Iэджэ уи нэгу щыщIагъэкIынщ. Ауэ псоми ятекIуэф. Дэ дысоветскэ цIыхущ. Бэшэчу, лIыгъэ тхэлъу закъедгъэлъагъун хуейщ. КъыбгурыIуа? Мы сэ къызащIар плъагъурэ? - жеIэри лIым и Iупэ щIыIу нэщIыр щIалэ цIыкIум кърегъэлъагъу. Пщыбий и щIыфэр мэтхытх, гузэвэгъуэм зэщIеубыдэ. Сымаджэщым зэрыщIагъэлъа тхьэмахуитIым къыкIэрыпщIэжа тIэкIур а зы жэщым мэткIуж. Нэху къокIри, щIалэр щIах, носилкэм телъу. Оник зыкъеIэтри:

- Шими, мыдэ сэлам зэдгъэхыж. Хэт ищIэрэ... - жеIэ.

Си IэпхъуамбэхэмкIэ быдэу скъузу иужь дыдэу сэлам зэсхыжар аращ...

Операцэ щащI пэшырщ. ЦIыхухэр зэблож. Дохутырхэр зэрызохьэ. АдэкIэ щыс цIыхубзитIми щIэчэ ямыIэу машинкэм тхылъымпIэр щIагъэлъэлъ. Къэхъуари кърахщIэнури зымыщIэ щIалэ цIыкIур мэкIэзызри стIолым телъщ. Зыгуэрым зигъэхъеиху къощтэ. И нэгум уэздыгъэ зэрамыщIэжыр къредзэ. Мастэ къыхаIу.

- Бжэт, - жеIэ тэрмэшым. ЩIалэ цIыкIур мастэм игъэундэрэщхъуащи, и нэхэр хуэдэжауэ щылъщ.

- Бжэт, бжесIакъэ?!

- Зы... тIу... щы... плIы... тху... х-х... - Iурехри мы дуней зэрызехьэм ходжэл. Сурэттехи дохутыри илъагъужыркъым. Пулеметым хуэдэу къызэрылъэлъ машинкэхэри дэгу хъуащ. ЩIым зиIубыжащ...

Дуней псор Iугъуэмрэ гъуэзымрэ щIагъэнащ. Зауэм зэщIищтащ. Мис уафэр - унащхьэр - лъахъшэ къэхъуащ. Дыгъэм - уэздыгъэшхуэм - лъыпсыр къыпоткIу. Псэхэхэр зэхэзо жэ. Псоми я Iэбжьанэр пылъыкIауэ зэхэтщ, блэ шэрэзым хуэдэу я Iэпхъуамбэхэр зэкIэщIопIие. ЦIыхур ажалым щызыхъумэну зи къалэн дохутырхэм щIалэ цIыкIур зэ хафыщIэ. И лыр цIынэу къыпатхъ. И Iэпхъуамбэ цIынэхэр къыпагъэпкI. Лъынтхуэ кIапэр пIэжьажьэу фIатхьэлыкI: абы итIанэ хуеижынухэщ. АбыкIэ аргуэру щIалэ цIыкIум и гущIэ къуэпсыр къыщIатхъынущ.

Iуэ хушхуэ илъэжьащ «дохутырым»: фIыуэ илъагъу хъыджэбз цIыкIум и Iэпэ игъащIэм зымыубыда щIалэм и IэпхъуамбипщIыр пихащ. Абы дяпэкIэ игъащIэкIэ цIыхум сэлам ирихыжыфынукъым. ИгъащIэкIэ и бын и щхьэ Iэ дилъэжыфынукъым. ИгъащIэкIэ «си Iэмыщ Iэм из» жиIэжынукъым. Ауэ зи напэри зи цIыхугъэри зыуцIэпIыжа фашизмэм зэрызигъэкъэбзэжынури а щIалэ цIыкIум къримытыну псырщ - абы и IэпхъуамбипщIым къыпыж лъырщ. Дохутырым кIэтIийнэфыр зэрыпиупщI, кIуэцI узыр къызэрырих сэ цIыкIур IэщIэлъу щытщ дохутыр фащэ зытезыгъэлъэда псэхэхыр. Абы мурад фIей иIэщ. ЦIыхугъэр игъэкIуэдыну, дунейм хьэщхьэрыIуэ фIэкI къытримынэну аращ и мурадыр...

ЩIалэ цIыкIур нэху къекIащ. Къэхъуари къэщIари ищIэркъым. Иджыпсту махуэ хьэмэрэ жэщ? «Мы си Iэхэри щхьэ зэщIапха? Сыт емынэ уIэгъэпх къешэкIари. Ярэби, сыджэлауэ пIэрэт? Дэнэ сыщыджэлэнур? Сэ мы унэм сыщIэкIакъым. А-а... Дохутырым сыкъаувыхьауэ къысщхьэщытащ. Ярэби-тIэ, жыгым сыкъехуэхыу си Iэхэр икъутауэ пIэрэ т? А стIолым сыщIытрагъэгъуэлъхьар сагъэхъужыну арагъэнт. Сэр щхьэкIэ гузавэу апхуэдиз дохутыр къызэхуэсауэ пIэрэт? Сыту цIыхуфI а дохутырхэр. Зы ямыгъэузу, къысхуэсакъыу си Iэхэр мыпхуэдэу япхащ. Ауэ сыту пIэрэ къысщыщIар?» - щIалэ цIыкIур мэгупсысэ. Ар иджыри хъарпшэрым хэтщ. Къэхъуар ищIэркъым. НэбгъузкIэ къоплъэкIри, зы лIыжь щысщ. «Мыри хэт? Сэр щхьэкIэ гузавэу щысу аращ. Сыту цIыхуфI защIэт мы сыкъызыхэхуахэр...»

- Псы тIэкIу... - щIалэм и Iупэ гъущIахэр егъэпIэжьажьэ. ЛIыжьыр къыщолъэтри, крушкIэр къещтэ. ЩIалэ цIыкIум и Iэр къигъэхъеину хуожьэ, псыр къыIихыну.

- Хьэуэ, апхуэдэу хъунукъым, - лIыжьыр щIалэ цIыкIум тоIэбэ.

«Сыт щIэмыхъунур? Дыгъуасэ... Дыгъуасэ хьэмэрэ нобэ ар? Сыжеиным и пэкIэ хъууэ щытащ. Иджы къысщыщIар сыт?»

- Уи Iэхэр умыгъэхъей, щIалэфI, - лIыжьым щIалэ цIыкIум и щхьэр къеIэт. И Iупэм кофе хуабэпцI Iурегъэжыхь. Хуэмурэ, хуэсакъыу ирегъафэри, егъэгъуэлъыж.

- ЛIыжь дыщэт. Гамбург щыщт. Урысыбзи ищIэрт. Хъыбар Iэджэ сригъэдаIуэрт. И адэр Тельман щIыгъуауэ, коммунисту щытауэ къызжиIэжырт. Хуабжьу къысхуэсакъыу сызэрихьащ. Посылкэ къыхуэкIуами сыхинырттэкъым. Сабий цIыкIум хуэдэу, IэкIэ сигъашхэрт, сызэрихьэрт. Япэ дыдэ а лIыжьым дежщ щызэхэсхар «Гитлер капут» псалъэр. Жэщи махуи сэ къызбгъэдэсти, сигу фIы къысхуищIырт. Пэжщ, си Iэхэм я лажьэр къысщибзыщIырт. Ауэ хъыбар шынагъуэ гуэрхэм сыщIигъэдэIурт. ДызыщIэлъ уIэгъэщым щылажьэ дохутырхэм лейуэ щызэрахьэм щыгъуазэ сищIырт.

- Сэ дыгъуасэ зы гузэвэгъуэ си нэгу щIэкIащи... Зи псантхуэ систeмэр зэIыхьа нэмыцэ офицерхэмрэ сэлэтхэмрэ зэрагъэхъужыну щIыкIэр къапщытэн щхьэкIэ гъэру къаубыда советскэ цIыхухэм деж опыт щрагъэкIуэкI. Лажьэ зимыIэхэм я тхы къупщхьэхэр дах, хуэхэр къыхах... ИгъащIэ псокIэ лъакъуитIкIэ хуиту зэфIэмыувэжыфыну, хьэлъакъуиплIу къипщыхьыну къагъэнащ дыгъуасэ зы урыс щIалэщIэ. Аллоуэхь, апхуэдэу укъанэ нэхъри... Уи лъакъуитIыр пахын, уи Iэр паупщIын жыхуэпIэр дыщэм хуэдэщ. Ауэ Iэмалыншэмэ... - дадэм псори къыщIригъэкIуэкIыр сэ сызыIуплъэну къыспэщылъ тхьэмыщкIагъэм сыхуигъэхьэзыру арат. СыкъыщIишурэ сигъэлъагъурт хьэлъакъуиплIу къэзыпщэпщыхьу кIэлындорым теттхэр, зи Iэпкълъэпкъ хахахэр. Гуауэт а тхьэмыщкIэ къомым уаIуплъэну. АрщхьэкIэ санитар лIыжьым ахэр сигъэлъагъурт. ЩIызигъэлъагъури...

ПЩЫБИЙ операцэ зэращIрэ махуэ 11 дэкIащ. Аргуэру яшащ машинкэхэм пулемет лентIым ещхьу тхылъымпIэр щыщIагъэлъэлъ, сурэтт еххэр щызэрызехьэ, «дохутырхэр» щызэблэж пэшым. Лъыпсыр къызыпыткIу уэздыгъэшхуэри фIэлъщ. Ар щIалэм и нэжьгъым кърaубыдэ. Пщыбий иджыри ищIэркъым къэхъуар. «Ярэби, сэ гу лъызмытэжа щхьэкIэ, си Iэхэр щIыIэм езгъэсауэ пIэрэт? Исамэ, иджыри къэс къэсщIэнтэкъэ? Иджы гъатхэ хъуащ. Хуабэр къи- [illegible]

кIум и гум хохьэри, къомэх. Мыдрей Iэ лъэныкъуэм теша шхэпсыр къагъэщытIэри уIэгъэпхыр къыкIэрахыж. Пщыбий и нэр къызэтрех. Абы и нэгум къыщIэхуам узижэгъуэныр IуплъэкIэт. ЩIалэр ину мэкIийри и нэр къыщхьэрепхъуэ. IэпхъуамбипщIым я пIэкIэ лъынтхуэ пытхьэлыкIыжаипщI Iэпщэ паупщIаитIым къыпыблэблырт. Арат фашизмэм и «дохутыр» лIыукIыр здынэсар. Зи гур псоми яхуэпцIанэ, цIыхум фIыкIэ фIэкI щымыгугъ, цIыхугъэ зыхэлъу, гугъу зыкъыдезыгъэхьу, къелIалIэу къилъытэ «дохутырхэм» я гущIэгъур зэрыхъур арат. ГъащIэм хуэпабгъэ, псэуныгъэм къыхуалъхуа щIалэм и Iэпхъуамбэ кIын зымыухахэм Iэ щIыIэ жагъуэкIэ къыхэIэбат.

- Сыт пщIэн, Шими? Умыдзыхэ, хуэмыхуу закъыумыгъэлъагъу. Мывэм уеуэмэ щэIуркъым - хъуаскIэ къыхех. Уи IэпщитIыр я нэм щIэуэу, абы къыщышынэхэу закъегъэлъагъу. Хъужынщ. Уэр нэхърэ нэхъ Iей щыIэщ. АбыкIэ укъагъанэмэ, уи уэредадэт. Сэри сыгугъат си Iупэ щIыIур щытралъэфам афIэкI къызамыщIэну, арщхьэкIэ ар сщагъэгъупщащ. Си IэпщитIым нэс дэнэ къэна, си IэблитIри пахауэ си нэгум къыхэмыIэбэгъащэрэт, - къызжиIэрт Оник, сигу фIы къысхуищIу. Ауэ фIы дэнэ къикIыжынт? Си IитIым сеплъыху сызэгуэуду сыгъырт. Оник дэрэ дызэгурыIуауэ дахуэшхэжыркъым. МахуихкIэ ди джий ерыскъы ехакъым. ИтIанэ «дохутырхэм» дыкъащIэри дагъэшхэну къыдэныкъуэкъуу щIадзащ. Абыи къыщимыкIам фашистхэм дызэрамыгъэлIэн къагупсысащ. Сэ си IитIыр пымытыжу щыслъэгъуам, тэрмэшым селъэIуат сагъэлIэну дохутырхэм схуажриIэ жыну. «УдгъэлIэнумэ, занщIэу удукIыфыркъэ? Дэ уэ иджыри Iэджэ кIэ дыпщогугъ!» - жиIэри «дохутырыр» къысщIэкIиящ. ИджыкIэ Оник дэрэ мастэ къытхаIуу - абыкIэ дагъашхэу, ерыскъыр хьэфэкIэ ди лъатэм ягъакIуэу щIадзащ. Абы иужькIэ сыт пщIэжынт? Дыхуей-дыхуэмейми, дымышхэу хъуакъым. Санитар лIыжьри къыдэгийрт. «ЗывгъэлIэжыну щхьэ мурад фщIа? Ар лIыгъэншагъэщ. Мыгувэу зауэр иухынущ. «Гитлер капут». Фыхуеймэ, сэ фыздэсшэнщи, си къуэм хуэдэу игъащIэкIэ си деж фыщызгъэIэнщ. Фыдзыхэу, фышынэу закъевмыгъэлъагъу а хьэщхьэрыIуэхэм», - къыджиIэрт. Дэри дигу дгъэбыдэри дытIысыжащ. АрщхьэкIэ дыщагъэсрэт? Махуэ къэс жыхуаIэу операционнэм дахьырт.

Пщыбий и IэпщитIыр кIыжащ. ЩIалэ Iэпщэ псыгъуэхэр къэбзыхьауэ къэнащ. Фашизмэм и машинэр иджыри лажьэрт. Кхъэм яхьрэ пэт мэгугъэ жыхуаIэм ещхьу, бийр иджыри гугъэрт. Зи къупщхьэ къута, зи Iэпкълъэпкъ зыфIэкIуэда нэмыцэ зауэлIхэр зэрагъэхъужыным, ахэр иджыри зауэм зэрыIуахуэжыным лъыхъуэу Гитлер и хьэщхьэрыIуэхэр иджыри улъэпхъащэрт. Бийм къыхуэнэжар уIэгъэщым щIэлъ сэлэт някъуэдыкъуэхэрщ.

- ХъыджэбзитIым къысхуадзауэ щыта удз гъэгъар къысхуэмыубыдами, ахэр къызэрысщыдыхьэшхар шэуэ къыстехуами, сигу згъэбыдауэ секIуэкIырт. Санитар лIыжьым и хъыбарым, Оник и ущиехэм си гур ягъэпыIэрт. Варшавэ мафIэм иса щхьэкIэ, гъатхэм щIэращIафэ къытригъэуэжат. АтIэми, сытым хуэдэу гъатхэ дахащэт ар! Сэри илъэс епщыкIубланэм зы мазэрэ някъуэкIэ сыхыхьауэ... АрщхьэкIэ си дунейр кIыфI къысщы- [illegible]

щыст. Ермэлы щIалэри къыщхьэщытт.

- Сэ сщIэртэкъэ ар къызэрыплъэжынур? Ей, Кавказым къикIахэм апхуэдэпсэ фIэкI яхэткъэ?! Уи фIэщ мыхъумэ, мис, сэ сыщытщ. Операцэ 35-м сыкъелащ, - жеIэри Оник мэгуфIэ, мэгушхуэ. Сэ къызащIам сыщIоупщIэ. Мурад бзаджэт фашистхэр си ужь къызэритыр - си IэпхъуамбипщIым я пIэкIэ нэгъуэщI пагъэкIэжыну я гугъэу арат. Си ныбафэм кърагъэжат Iэгупэ хуэдиз. Лы IупщIэ къыдахат. А къыдахам и кIапэ лъэныкъуэр паупщIатэкъым. Ныбафэлыр яшыхьыжри кIэрапхэжауэ кIэрылът. Абы хуагугъэр сщIэртэкъым. Ауэ иужькIэ къэсщIащ. Мыдрей лъэныкъуэмкIи къыдахащ апхуэдиз. Абы си фэм дахари... - лIым и нэгум къекIуа пщIэнтIэпсыр Iэпщэ щIыIумкIэ ирелъэщIыкI. Сэри си Iэпхъуамбэхэр мэкIэзызри аргуэру тхэныр зэпызогъэу. ТIури щым дыхъуауэ дыщысщ.

-ПАПЭ, папэ! Письмо къэкIуащ, - Пщыбий и щIалэ цIыкIуитIыр гуфIэу къыщIолъэдэж. Хъыбарыр кърагъэжьэным ипэкIэ щIигъэкIат ахэр.

- Абыхэм зэхрамыс икIи ирамылъагъу апхуэдэ бэлыхь. Сыт я гур щIизудынур, абы егупсысурэ игъэнэщхъейуэ? Пэжщ, нэхъыжьитIыр, Антонинэрэ Аликрэ, къеджащ сэ стеухуауэ Марлен «Правдэм» тридзам. Ахэр ягъэ кIынукъым. Зыр 7-нэм, адрейр 6-нэ классым щоджэ. Абыхэм къагурыIуэн хуейщ зауэр зищIысымрэ абы цIыхум гузэвэгъуэу къахуихьымрэ зыхуэдизыр. Ауэ мыдрей сабийхэм апхуэдэ шынагъуэхэр зэхебгъэхмэ, гупщIэуз ирахынкIэ хъунущ, - жеIэ Пщыбий.

Замиррэ Албиянрэ къыщIахьа письмор Iэпщэ кIапитIымкIэ къыIехри сэ къысхуеший. Письмор Баку къокI.

- Хэту пIэрэ Ананьевэ Раисэр? Зэтехи дегъэплъыт, - къысхуеший письмор. Письмоулъэр сокъутэри дэлъыр къыдызох. Тетрадым къыдэча напитI зэгуэтщ. Школым щIэс цIыкIум зэритхыгъэр пщIэуэ хъэтIыр хуэсакъыпэу, текъузауэ тхащ. Письмор Пщыбий хузошииж. Iэпщэ папцIитIымкIэ къоIэбэ. Япэ щыкIэ и нэгу зэлъыIухагъэшхуэм нэщхъыфIагъэ къытоуэ. И Iупэхэр зэтож. Ауэрэ къеджэурэ и фэм зехъуэж, нэщхъей мэ хъу. Абы кIэлъыплъу щыт щIалэ цIыкIуитIми я адэм зыдащIу я фэм захъуэж. Пщыбий къыщIоплъри ахэр къелъагъу.

- Фэ фи школ кIуэгъуэ хъуакъэ? ФыкIуэ, - жеIэри цIыкIуитIыр щIегъэкI. - Дунейм тез дищIащ си ныбжьэгъу Крюковым. СелъэIуат зыщIыпIи имытхыну. АрщхьэкIэ мис иджы... - письмор сэ къызетыж.

«ЩIыхь зыхуэсщI дядя Павлик лъапIэ! «Правда» газетым уэ птеухуауэ тета хъыбар гуузым сыкъеджащ. Си щхьэфэцым заIэтащ фашистхэм уэ лейуэ къыуахам щхьэкIэ. А лIыукIхэм хьэзабу уи фэм дахам укъызэрелам папщIэ, Тхьэм фIыщIэ хузощI. Бий бзаджэнаджэм нэрылъагъу щыпщIащ ди цIыхухэм я бэшэчагъыр, я лIыгъэр... Сэ сощIэ, уэркIэ гуапэкъым уэ бэлыхьу птрагъэлъам и гугъу къыпхуащIыжыну, плъэкIами зыщыбгъэгъупщэжынт, ауэ цIыхухэм зыщагъэгъупщэ хъунукъым фашизмэр зищIысыр, зауэм къихьыр. Ар ящIэн хуейщ дунейм цIыхуу тетым.

Дядя Павлик, сэ 6-нэ классым сыщоджэ. Пхъу уиIэмэ, ныбжьэгъу зыхуэсщIыну си гуапэт. Еджэу щытмэ, дызэхьэзэхуэу деджэнт. Хэку зауэшхуэм щыгъуэ лIыхъу- [illegible]



имыгъэупIэрапIэу щытлъщ. Ар езы ажал дыдэм щышынэжыркъым. Абы и лIыкIуэ капитаным, а лIыукIым, и кIэрахъуэм сыткIэ щышынэн? «Гува-щIэхами Оник и махуэракъэ къысхуэвгъэкIуэнур? Ар операцэ 35-м къелати, 36-нэм ихьыжащ. Сэ 19-м нужькIэ сыпсэууэ аращ. ЕтIощIанэм сыкъеланисыкъемылыни. У хуеймэ, сыти къызэщIэ, фрицхэм, сыпхуэгъэзэвэжынукъым», - щIалэр и щхьэ хуопсалъэ.

- Апхуэдэу умыщI, Иван. Дэ удгъэхъужынущи, уэ зэран укъытхуохъу, - «дохутырым» ифI зыкърешэж.

Ауэ ари къыфIэIуэхукъым Пщыбий. Абы и псэр фIэIэфIыжкъым. Илъэс ещанэр йокIуэкIри зы махуэ «узу», жрагъэIакъым. АтIэми, нужьрей махизхым зигъэ хьей мыхъуу тхьщэкIэ къытенащ. И IэпщитIыр и нибафэм кърагъэха лым кIэрагъэкIэну арыщ, нубыдыркъым. «ЩIэныгъэлIым» и мурадыр щIалэм къыгурыIуэжащ: ныкъуэупыщIу нибафэм кIэрыт лы IыхьитI къигъэжам IэпщитIыр кIэригъакIэу лъыр абыкIэ зекIуэмэ еплъыну аращ. Ауэ, фашист лIыукIым зэригугъэмкIэ, «партизанхэр» абы зэран хуохъу: и Iэхэр къыкIэрешэж.

- АрщхьэкIэ сэ абыхэми сегупсысыркъым. Т хыщIэкIэ сытелъурэ сесшат, псори къысIэщIэугъэуати, зызгъэхъейрт. АпщIондэху Iэпщэ хэр нибафэм къыкIэрыхуркъ. Сытми, капитаным и мурадыр къехъулIащ: си IэпщитIыр си нибафэм кIэрыкIащ, абыкIи лъыр зекIуэ хъуащ. НужькIэ си IэпщитIым къыпыкIа нибафэлыр къыпаупщIащ. Мис мы лъыхэрат ар, - Пщыбий и Iэ пкъынэм уфафэу фIэлъ нибафэл щабэ тыкъыр хэр сегъэлъагъу.

Ар фашизмэм и напэщ, и цIыхугъэщ. Гитлер и мурад фIейхэр къызэремыхулам ещхьщ абы и «щIэныгъэлIхэми» я гупсысэр здынэсар. Щыхум и псэр къыхахыу хьэщхьэрыIуэм хагъэкIуэфакъым. КъаихъулIакъым лIыукIхэм я мурадыр. Нэгъуэщым мащэ хуэзыгIурэ къежьар езыр а мащэм ихуэжащ. Пщыбий операцэ 26-м къелащ. Зи цIыхугъэр зыфIэкIуэда «дохутырым» и мурадт а бжыгъэр 90 - 100-м нигъэсыну. «ИтIанэ уи Iэпхъуамбэхэр къыпыкIэжынущ», - жиIэрт. АрщхьэкIэ бий хьэщхьэрыIуэр зэрыфыщIэ и Iэбжьанэрлъэбжьанэр хупаупщIащ. Пщыбий ем и нэ хейкIэ къелащ, абы хэзэбыр тезыгъэлъахэр хэкIуэдащ.

- 26-нэ операцэм сашауэ стIолым сыт елът. 19-рэ сагъэмэхати, сыкъэмыхъужынкIэ шынэхэу къыщIэкIынт, нужькIэ си нэр къижу сызэхаупщIатэу щIадзащ. А махуэми арат. Ауэ «дохутырым» и операцэр и кIэм нигъэсакъым. Дыгъэр нубыдам хуэдэу, си цыгукIэ фIэлъ уздыгъэзыхуэу ункIыфIри унащхуэр къелъэлъэхащ. Топышэхэр къытелъэлъауэ арат. Псори зэгрыжыжахэщ, сэ стIолым сыкъытенащ. ИтIанэ санитар дадэр нышIэлъадэри:

- Гитлер капут. Хуит дыхъуащ, - жиIэу сыкъиIэтри операционнэм сыкъыдихащ. Арати... - Пщыбий нэщхъейуэ и пащIэкIэ щIогуфыкI. - Зэрылъагъущи, псоми дыкъелащ.

- Павел къызэрыпфIащар...

- А-а... Дыдейхэм дакъыIэрыхьэжа нэужьщ. Сэ с хуэдэу Германием яхуауэ щыху минищым нэблэгъэным сахэхуащ. Ахэр ПавликкIэ къызэдж хуащ. ДыкъашэжынуэIэ щIэ, унэщIэхэр щатхым сэ сымыщIэхху тхылъым апхуэдэу сихуащ. Сэри ар си IуэхукIэ? ГуфIэгъуэ псори Iэщыб сщищIыжат. Унэм, дыдейхэм сакъыхуэпIащIэрти...

АРАТИ щIалэ цIыкIур 1943 гъэм и пэщIэдзэм Белоглинкэ дахуауэ щыта Хьэпэ Пщыбий Павел хъуауэ 1945 гъэм сентябрым и 13-м Терекскэ къуажэм къигъэзэжащ. Хьэпэ Пщыбий и Iэпхъуамбэ хэр пызыха лIыкIым и пщIыхьэпIэ къыхэхуэнт а щIалэр хуиту дунейм къытехъэжыну, арщхьэкIэ гъащIэр текIуащ. Мис иджы си пащхьэм исщ зи ныбжьыр илъэс 41-м нэса адыгэлI бжьыфIэшхуэр. УщызэIэщIэплъу и нэгур нурщ, изщ. Абы гъащIэщIэр зыхуэхъуэм закъыIэригъэ хуакъым. И IэпхъуамбиплIым пхахэр питкIэ, къэрэндащыр, ручкэр, тхылъыр къищтэфащ. Апхуэдиз хьэзабым къелу къыщIэкъуэ хэкум, къэзылхуа и адэ-анэм я пащхьэм напэ хужькIэ къихьэжа щIалэр «Сэ лей къыслъысащ, сытхьэмышкIэщи гущIэгъу къысхуэфщI», - жиIэу тIысыжакъым. И ныбжьэгъухэм захигъэгъуащ. Къзэзылъхуахэр игъэнэщхъейуэ жьэгу пащхьэм зыдидыгъуакъым. Школым щIэтIысыжащ. ЕпщIанэр къиухащ, техникумым щIэтIысхьэри агроном хъуащ. Еуэ-езыгъэшхыу лажьэхэм яхыхьащ. Зы махуэ щIыхум закъыкIэригъэхуакъым. И щIэныгъэм хигъахъуэ, и лэжьыгъэр иригъэфIакIуэу къуажэм дэсщ. 1964 гъэ пщIондэ колхозым и агроном нэхъыщхьэу щытащ.

- Си гур илъ щхьэкIэ, си узыншагъэр щIагъуэ дыдэтэкъым, нужькIэ жыг хадэм сыкIуащ. Хуабжьу жыг хадэфI дищ. Колхозым хъерышхуэ къритынущ. Нэгъабэ зы гектарым центнер 31-рэ къытхащ, районым япэ увыпIэр щыдубыдащ. ДяпэкIэщ ди жыгыр бэлыхь щыхъунур, мыдэ зэ къызэщIэрыуэмэ... - Пщыбий къотэджри щIэгъубжэмкIэ доплъ. - Модэ еплъыт мо си унэ жыг хадэм! Мыбдей си опытнэу аращ...

- Папэ, инджылызыбзэмкIэ урок къатынущ телевизорым щIэзгъанэ хъуну? - программэм еплъурэ къыщIохьэ еблэнэ классым щеджэ и хъыджэбз цIыкIур.

- Ы-ы. Иджыпсту Венэ кърaтыкIынущ хоккей джэгухэр. Арщ дызэплъынур, - жеIэ Алик.

- Уи хоккейракъым Iуэхур. Сэ инджылызыбзэмкIэ урокым седэIуэн хуейщ...

- Хъунщ иджы, дунейр фымыкъутэ. ЕдаIуэ, Тоня, урокым, - жеIэ Пщыбий. Алик щIожьэ. «Шайбэ! Ура!» - приемникым къикIыкIым хуэдэу щIалэ цIыкIум и макъыр ину къоIу.

Къыхэ, уи тхыгъэр сэ къыстумыхуэщэу зауэм къишэ тхьэмышкIагъэм нэ хъ тегъэщIэ, - жеIэ Пщыбий сыкъышыгъэжьэхым. - Сэ сыт? Сэ, Оникрэ а санитар дадэмрэ мыхъуамэ, пасэу дунейм сехыкри си Iэпхъуамбипщым салъэщIыхьэкат. Щытхъу зыхуэфащэр а бэлыхь псоми сыкъезыхэшыу нужькIи гъащIэм сыхуэзыщажа цIыхухэращ, хэкуращ.

Болэтэй къуажэ, 1967 гъэ.

Экономикэ | Политикэ
Кавказ Ищхъэрэ | Жылагъуэ Iуэху

МАХУЭКУ

● УпщIэхэмрэ жэуапхэмрэ

Къэралхэр щIызэныкъуэкъур

Шэшэн Республикэм и зыужьыныгъэм илъэс къэс хухах къэрал бюджетым щыщу мылъкушхуэ. Сыт а мылъкур зытрагъэкIуадэр?
Дворянский Р., Астрахань

УФ-м и БжакIуэ палатэм и унафэщI Степашин Сергей жеIэ:

- Иужьрей илъэсхэм хэпщIыкIыу захъуэжащ Грознэ, Аргун, Гудермес къалэхэм я теплъэм. А жылагъуэхэм ухуэныгъэшхуэ щокIуэкI. Зауэм зэтрикъута предприятэхэр, IуэхущIапIэхэр, псэупIэ унэхэр зэфIагъэувэж. Ауэ федеральнэ IуэхущIапIэ языныкъуэхэм (Минрегионымрэ МЭРТ-мрэ) я зэранкIэ бюджет ахъшэхэр Шэшэным гувауэщ щыIэрыхьэр. Абы къыхэкIыу а мылъкур дахэ-дахэу къахуэгъэсэбэпыркъым. Мы Iуэхум Шэшэным и правительствэм и емыгугъуныгъи хэлъщ. Ауэ гулъытэ хэха нэхъ зыхуэщIыпхъэр бюджет ахъшэхэр Шэшэным нэхъ пасэу Iэрыхьэныр къызэгъэпэщыныращ.

ХьэрычэтыщIэ «пIащэхэм» нэрылъагъуу зэхадыгъуэ мэз къулеигъэхэр - жыгыпкъ телъыджэхэр пудыжьу хамэ къэралхэм иращэ. Ар щхьэ ямылъагъурэ ди къэралым и унафэщIхэм?
Гриценкэ Е., Архангельск.

УпщIэм жэуап кърет УФ-м щIыуэпс хъугъуэфIыгъуэхэмкIэ и министр Трутнев Юрий:

- Пэжщ, зэхадыгъуэ ди мэзхэр. Хабзэншагъэ хэлъу паупщI жыг занщIэхэр, абыхэм «ямыухъуэнщIа, зэмылэжьа пхъэхэкIхэр» фIащурэ фейдэ къыпах «сатуущIэ» хьэжьвакъэжьыщххэм. Апхуэдэ щIыкIэкIэ ди къэралым и щIыуэпс фIыгъуэхэр ягъэкIуэщI. Сэбэп хъуркъым мы Iуэхум теухуауэ тезыр «хьэлъэхэр» зэрыщымыIэри. Сыт-тIэ щIэн хуейр? Мэзыр хабзэншэу зыгъэкIуэщIхэм ятелъхьэн хуейщ щIыдагъэр, газыр бжьамийхэм къизыдыгъукIхэм лъагъэсым хуэдэ тезыр ткIийхэр.

Мылъкушхуэ зыбгъэдэмылъхэм ди сабийхэр еджапIэ нэхъыщхьэхэм щIэтIысхьэфынукъым. Абы правительствэр щхьэ емыгупсысрэ?
Гончаревэ Л., Иркутскэ область.

У Ф-м щIэныгъэмрэ егъэджэныгъэмкIэ и министр Фурсенкэ Андрей къызэрилъытэмкIэ, еджапIэ нэхъыщхьэхэм ахъшэ зымыту, щIэныгъэфI зэраIэр къагъэлъагъуэурэ щIэ тIысхьэхэм я бжыгъэр зэкIэ ехуэхыркъым. Ауэ, ди жагъуэ зэрыхъунци, 2010 гъэм ирихьэлIэу абитуриентхэр (студент хъуну хущIэкъухэр) зыкъомкIэ нэхъ мащIэ хъунущ демографие Iуэ хухэр зэрымыщIагъуэм къыхэкIыу. Ауэ абы къикIыркъым щIэныгъэ нэхъыщхьэ зэзыгъэгъуэтыну хуейхэм зэран дахуэ хъуну дыхэту. Зи Iуэху зетхуэр нэгъуэщIщ - зэманым къигъэув къалэнхэм япкъ иткIэ, къэралыр нэхъ зыхуеину еджапIэ хэр нэхъыбэ зэрытщIынырщ, апхуэмыдэ университетхэмрэ институтхэмрэ я бжыгъэр зэрыдгъэмэщIэныращ.

Урысей автопромым игъэхьэзыр автомобилхэр зэрымыщIагъуэм куэдыр щыгъуазэщ. Ауэ, гъэщIэгъунракъэ, ахэр хъарзынэу ящэху. Сыт абы и щхьэусыгъуэр?
Парамонов В., Москва.

- МылъкуфI зыбгъэдэлъхэм нэхъ къащтэ хамэ къэралхэм щащIа автомашинэхэр - ж еIэ Урысей автомобилистхэм я зэщIэхъеиныгъэм и тхьэмадэ Похмелкин Виктор. - Ауэ ди щIыпIэм къыщыщIагъэкIа «Волгэхэмрэ» «Жигулихэмрэ», нэхъапэхэми хуэдэу, щIэупщIэ яIэщ: ди авт омобилхэр нэхъ пудщ, къутэмэ, нэхъ зэгъэпэщыжыгъуафIэщ, гъуэгу быркъуэшыркъуэ хэми гъэсыныпхъэ мыхъумыщIэхэми «есэжакIэщ».

ЩIэину къысхуэна фэтэрым щогугъ си Iыхьлыхэм ящыщ гуэрхэр. Су дыншэу ди Iуэхур зэфIэкIыну къыщIэкIынукъым. Дауэ уэчылыр къызэрыхэсхынур?
Симаковэ Г., Коломнэ.

Сыт хуэдэ Iуэхури къэзыщтэ уэчылым ухуейкъым. Уи фIэщ умыщI «сыхъунщ - сыщIэнщ, умыгузавэ» къыбжезыIэм и псалъэхэри. Дэуэрей, псэлъэрей уэчылхэми къыпхуащIэшхуэн щыIэкъым. НэхъыфIыр щIэин Iуэхухэм фIыуэ хэзыщIыкI IэщIагъэлIырщ.

Пенсэ ахъшэу нэхъыбэIуэ бын куэд зиIэ анэм кърaтын щхьэкIэ, абы и лэжьыгъэ стажыр илъэс 35-рэ нэхърэ мы нэхъ мащIэу щытын хуейуэ жаIэ. Ар пэж?
Булавиновэ Н., Прохладнэ.

УФ-м и Пенсэ фондым и къудамэу Къэбэрдей-Балъкъэрым щыIэм къызэрыщыджаIамкIэ, бынитху е нэхъыбэ къэзылъхуа, ахэр илъэсийкIэ зыпIа анэр хуитщ пенсэм кIуэну, и ныбжьыр илъэс 50 хъуамэ, лэжьыгъэ стажуи илъэс 15 хуэдиз иIэмэ. Абы щыгъуэм пенсэу хуагъэувынур и улахуэу щытам и процент 55-рщ. Ауэ бзылъхугъэр пенсэм мыкIуэмэ, илъэс къэс къыхущIагъунущ зы процент. Абы къикIыр мыращ: бын куэд зиIэ, зи лэжьыгъэ стажри илъэс 35-рэ хъу анэм кърaтынущ пенсэ ахъшэу къылъагъэсыпхъэм я нэхъыбэIуэр.

Урысеймрэ КъухьэпIэ къэралхэмрэ нэхъыбэрэ зэныкъуэкъу хъуауэ къысфIощI.
Мишин Э., Москва.

УФ-м и Президентым и дэIэпыкъуэгъу Шувалов Игорь мыпхуэдэущ а Iуэхум зэреплъыр:

- БлэкIащ Урысейр дунейпсо Iуэхухэм хэмыIэбэу, сабыру, нэгъуэщIхэм жаIэр фIэкъабылу щыщыта лъэхъэнэр. Нобэ Урысейм нахуэу къеIуэтэф езым и сэбэп нэхъ зыхэлъхэр, нэгъуэщIхэм къагъэувхэр къызэрыщыхьур, къэралхэм зэдалэжьыпхъэу къилъытэхэр.

Щыгъуазэ фыхуэтщIынщ «Наш выбор» фондым и унафэщI Хакамада Иринэ къыджиIахэми:

-Урысейм и хамэ къэрал политикэр зэIубзкъым, дяпэкIэ (хэхыныгъэщIэхэр екIуэкIа нэужь) ар зыхуэкIуэнури къэщIэгъуейщ. Аращ хамэ къэралхэм дахэ-дахэу дзыхь къыщIыхуамыщIыр, зэгурымыIуэныгъэ куэдым я къежьапIэр.

«Аргументы и факты», «Аргументы недели», «Труд-7» газетхэм къитхыжащ.

● ФIэщхъуныгъэмрэ идеологиемрэ

Олигархxэр къызыхэхъукIар

ТхакIуэ цIэрыIуэ Аксенов Василий тхылъыщIэ къыдигъэкIащ «Редкие земли» фIищауэ. Абы Iуэхугъуэ куэд къызэщIеубыдэ, комсомол, бизнес, олигарх жыпIэми. А Iуэхугъуэхэм дытепсэлъыхьу щIыдодзэри, зи гугъу тщIыхэм нэхъри задогъэубгъу.

- Василий Павлович, ди зэманым зи ныбжьыр илъэс 30-40 хуэдиз хъуахэр, советскэ школым щIэсащ, капитализмэр, къулеигъэ иныр зэрыIейр яджу. Абыхэм я Iуэху еплъыкIэм псынщIэ дыдэу зихъуэжыныр сыт нэхъ къызыхэкIар?

- Сэ зи гугъу сщIыхэм я фIэщ хъуртэкъым коммунистхэм я идеологиер. БгъущI гъэхэм комсомолыр, КПСС-м и гъэсэну жаIэу щытами, сэ къызэрысфIэщIымкIэ, парт щхьэхуэу къэплъытэ хъунут. Сэ нэхъапэхэм мызэмытIэу сыщыIат Новосибирск и академие къалэ цIыкIум, абы щыслъэгъуат комсомолым къызэригъэпэща япэрей капиталист предприятэхэр. Мы щIыпIэм а зэманым щыкуэдт «диссидент» жыхуаIэхэр, парт куэд щыIэн хуейуэ къэзыгъэувхэр, «дискуссие клуб»-кIэ зэджэхэр. Абыхэм заубгъуу щыхуежьэм, партым ахэр къызэтригъэувыIащ, винтгъазэр быдэу щIикъузэри.

- Апхуэдэу щIимыкъузатэмэ, комсомолым хуэм-хуэмурэ капитализмэр ирагъэухуатэмэ, Урысейм и тхыдэм нэгъуэщI унэтIыныгъэ игъуэтыну пIэрэт?

- Коммунистхэм яхузэфIэкIынутэкъым нэгъуэщI IэмалкIэ къэрал Iуэхухэр ягъэкIуэтэныр. ЗэращIыр мыпхуэдэут: НЭП-р ятхьэлэу щIадзэрти, уфIыцIыу гу лъатамэ, кIапсэ кIапэр тIэкIу къагъэлалэрт. Зэман дэкIрэ, лъы къыщIэувэжамэ, щIэрыщIэу ятхьэлэрт. Нэрылъагъуу капиталист зэхущытыкIэхэм заубгъуу абыхэм ядэнутэкъым. Сэ Америкэм зэрыщызгъэунэхуамкIэ, капитализмэри щIагъуащэкъым.

- АтIэ сыт къыхэпхынур? Капитализмэр мыщIагъуэмэ, коммунизмэр нэхъыкIэжмэ...

- Дауи ирехъуи, капитализмэр нэхъыфIыIуэщ (мэдыхьэшх), ерыскъыр щыпэрыхьэтщи. Къэлъыхъуэн икIи къэгъуэтын хуейщ псэукIэ нэхъыфIыр. Псалъэм папщIэ, гъащIэ гугъусыгъуэм къыхэхъукIа олигархxэр налогкIэ щIумыпIытIэу хуит пщIы хъунут, псапащIэ Iуэхухэр ялэжьын щхьэкIэ. Апхуэдэщ Америкэр. Зи мылъкур куэду фондхэм, грантхэм, социальнэ программэхэм хэзылъхьэхэм налог ятыркъым е мащIэ дыдэщ ятыр.

- Уи фIэщ хъурэ ди олигархxэм, налогхэр ящхьэщыпхмэ, псапащIэ Iуэхухэм гурэ псэкIэ зратыну?

- ЩIэдзауэ еплъын, гъэунэхун хуейщ. Америкэм мылъкушхуэ щызиIэхэри, дауи, мелыIычкъым. Ауэ абыхэм есэп ящI, я фейдэ нэхъ зыхэлъыр къыхах. КъызэрыщIэкIымкIэ, псапащIэ Iуэхухэращ къэралымкIи цIыхубэмкIи нэхъыфIыр.

- Уи тхылъым и лIыхъужь нэхъыщхьэр куэдрэ щIэхъуэпсат къулей зэрыхъунум. ИкIэмикIэжым абы къохъулIэ и хъуэпсапIэр. Ауэ ахъшэкIэ бейми, насыпыфIэ хъуркъым. Ар дауэ къызэрыбгурыIуэнур?

- Ахъшэр, пцIы хэмылъу, псэуныгъэм и Iэмал щэджащэщ, гъащIэр зыгъэкIуатэ Iэмал телъыджэщ. Ауэ, куэдкIэ къыбдэIэпыкъуми, абы хузэфIэкIынукъым насыпыфIэ уищIыныр. Насыпым ухуэзышэфынур нэгъуэщI къарухэрщ. Псалъэм папщIэ, фIэщхъуныгъэ быдэрщ, ахъумэ идеологиеркъым. ГъащIэр къызэрыхъуам, абы и мыхьэнэм, и щэхухэм зэрыпхузэфIэкIкIэ гъунэгъу захуэпщIынырщ. Сэ къызэрысфIэщIымкIэ, цIыхухэм я къалэн нэхъыщхьэр зыужьыныгъэм хущIэкъунырщ, нэгъуэщIу жыпIэмэ, Iэдэм и гъуэгум техьэнырщ. Iэдэм жэнэтым кърахужа нэужьщ зэманым «бакъуэу» щыщIидзар. Нэхъапэхэм щыIэххакъым а «зэман» жыхуэтIэр. Ар щызыхэпщIэнур жэнэтыр пфIэкIуэдмэщ, къэбгъуэтыжыну улъыхъуэу щIэбдзэмэщ, уи хъуэпсапIэр зэбгъэхъулIэмэщ. Дауэ зэрызэбгъэхъулIэнур? Гугъу уехьурэ, зауэм, революцэм, контрреволюцэм, нэгъуэщI зэныкъуэкъуныгъэхэми ухэтурэщ.

- НэгъуэщI Iэмал щыIэкъэ?

- ЩыIэу къыщIэкIынщ. Щэнхабзэм, гъуазджэм ухуэлэжьэн хуейщ. Ауэ абыхэми жэуап зэIубз щыбгъуэтынукъым, а жэуапыр къыщылъыхъуапхъэ щIыпIэм унагъэсыфын къудейщ.

Епсэлъар **ШИГАРЕВЭ Юлиещ.**
«Аргументы и факты».

● Кино гъуазджэ

Канн къалэм щекIуэкIа Дунейпсо кинофестивалым япэ увыпIэр щиубыдри, тыгъэ нэхъыщхьэр - "Дыщэ пальмэ къудамэр" - къыщихьащ румын кинорежиссер Кристиан Мунгиу. Абы йохъуэхъу киноактрисэ гъуэзэджэ Фондэ Джейн.

● КIэщI дыдэу

Япэщэ щIыналъэм щыхъыбархэр

♦«Урысей ГъущI гъуэгухэр» ОАО-м и жэрдэмкIэ 2007 гъэм кърибыдэу еджакIуэхэмрэ студентхэмрэ мафIэгукIэ зекIуэ хъунущ, билетхэм я уасэм и Iыхьэ ныкъуэм фIэкIа ямыту. А жэрдэмыр йозэгъ щIалэгъуалэм сыт и лъэныкъуэкIи дэIэпыкъуным хуэгъэпса ди къэрал политикэм.

♦ Ставрополь крайм и вице-губернаторым и къалэнхэр зыгъэзащIэ Воропаев Анатолий журналистхэм я зэхуэсым (пресс-конференцым) зэрыщыжиIамкIэ, Международнэ тенджыз кIэнауэм (Тенджыз ФIыцIэмрэ Каспий тенджызымрэ зэпызыщIэнум) и проектыр хьэзыр ящIащ. А кIэнауэ абрагъуэр ухуэным, зэрыхуагъэфащэмкIэ, сом меларди 150-м щIигъу текIуэдэнущ.

♦Къэрэшей-Шэрджэсым и къалэхэм щыпсэухэм ящыщ куэдыр къуажэхэм мэIэпхъуэ. Абы щыхьэт тохъуэ, псалъэм папщIэ, мыпхуэдэ бжыгъэхэр: дызэрыт илъэсым и япэрей мазищым къриубыдэу къалэдэс хъуащ цIыху 393-рэ, къуажэдэс хъуащ цIыху 839-рэ.

♦Иджыблагъэ Владикавказ щекIуэкIащ щIэныгъэлIхэмрэ IэщIагъэлIхэмрэ я зэхуэс (конференц) бгылъэ щIыпIэхэм щыIэ жылагъуэхэм зегъэужьыным теухуауэ. А зэхуэсым къыщыхалъхьащ Кавказ Ищхъэрэм и бгылъэ щIыналъэхэм щыпсэухэм я зэпыщIэныгъэхэр гъэбыдэным хуэлажьэ программэ щхьэхуэ.

♦Ляжги къуажэм (Ингушым и ипщэрабгъу лъэныкъуэмкIэ щыIэм) гъунапкъэхъумэхэм я хэщIапIэ («Застава») къыщызэIуахащ. Ар теплъэфIэщ, ущыпсэуну тыншщ, зыхуеину псомкIи къызэгъэпэщащ. ДяпэкIи Урысейм и ипщэ щIыналъэхэм апхуэдэ заставэу 38-рэ щаухуэнущ.

«Российская газета».

Тхыгъэхэр зыгъэхьэзырар **ТХЬЭМОКЪУЭ Барэсбийщ.**

● Псори зыгъэпIейтей

Сыт кхъухьлъатэхэр зытекIуадэр?

ЩIэх-щIэхыурэ щыгъуазэ дыхуащI кхъухьлъатэхэр уэгум къызэрехуэхым, апхуэдэ къэхъукъащIэ гузэвэгъуэхэм цIыху Iэджэ зэрыхэкIуадэм. Гу зылъытапхъэщ мыри: къулейсызыгъэхэр нэхъыбэрэ къыщыхъур гъэмахуэрщ.

Сыт мэкъуауэгъуэ-шыщхьэIу мазэхэм кхъухьлъатэхэр нэхъыбэрэ щIэкъутэр?

- Туристхэм, хьэрычэтыщIэхэм я зэхэзекIуэр гъэмахуэм куэд дыдэ мэхъури, - кърет ди упщIэм жэуап къухьлъатэкIэ къэзыкIухьхэм я шынагъуэншагъэр къызэгъэпэщынымкIэ эксперт Тимошкин Виктор. - Ауэ щыхъукIэ авиакомпаниехэм къафIэIуэхуркъым я кхъухьлъатэхэм я щытыкIэр зыхуэдэр, ахэр нэхъ зыхущIэкъур авиарейсу нэхъыбэ зэращIынырщ, нэгъуэщIу жыпIэмэ, мылъкуу нэхъыбэ къызэраугъуеинырщ.

Къулейсызыгъэ гуэр къэхъумэ, сыт ялэжьыр авиакомпаниехэм я унафэщIхэм?

- Гузэвэгъуэ къэхъумэ, авиакомпаниехэм (Транснадзорым, Минтранспортым, Росавиацием, нэгъуэщIхэми) доклад пIащэхэр ягъэхьэзыр, лэжьыпхъэхэри къыщыгъэлъэгъуауэ. А дэфтэрым къыхощ экипажхэр нэхъыфIу гъэхьэзырын, кхъухьлъатэхэм я щытыкIэр егъэфIэкIуэн, ныкъусаныгъэ псори гъэкIуэдын зэрыхуейм теухуа чэнджэщхэр, унафэхэр, нэхъапэхэми мызэ-мытIэу къагъэсэбэпахэр. Зэрыхабзэщи, апхуэдэ «дерсхэр» зэхэзылъхьэр авиацэр зищIысым фIыуэ щымыгъуазэ къулыкъузехьэхэрщ.

КхъухьлъатэщIэхэм «укъагъэпэжынкIэ» шэсыпIэ уихьэ хъуну?

- «ТУ» ди кхъухьлъатэхэр жьы хъуащ, щIэуэ къыщIагъэкIыр закъуэтIакъуэщ. Абы къыхэкIыу хамэ къэралхэм щащIа кхъухьлъатэщIэхэр къэтщэхун хуей мэхъу. Апхуэдэ кхъухьлъатэхэм гъэсыныпхъэу ягъэкIуэщIыр нэхъ мащIэщ, урысей заводхэм (Воронеж, Самарэ, Къэзан, Иркутск, Уфа, Таганрог, нэгъуэщIхэми) ягъэхьэзырахэм нэхърэ.

Дауи ирехъуи, кхъухьлъатэхэр нэхъ шынагъуэншэу жаIэ, адрей транспорт лIэужьыгъуэхэм еплъытмэ. Ар пэж?

- Пэжщ. КъэтщтэнщI кхъухьлъатэ нэхъыбэ щытфIэкIуэда 2006 гъэр. А илъэсым кърибыдэу цIыху 411-рэ иукIащ. Илъэс къэс автомобиль зэжьэхэуэхэм хокIуадэ цIыху мин 30-35 хуэдиз.

ЮЛАЕВ Антон.
«Комсомольская правда».

● Залымыгъэ

Илъэс къэс

ЩIЭПХЪАДЖАЩIЭХЭР, сабийхэр зыукIхэр куэд зэрыхъуар гузэвэгъуэшхуэщ. Дэнэ къыздикIыр лейзехьэ гущIэгъуншэхэр? Сыт хуэдэ IэмалкIэ датекIуэфыну абыхэм? А упщIэхэм теухуауэ «Известия» газетым и корреспондентыр йопсэлъылIэ психиатр-криминалист, профессор **Виноградов Михаил.**

- Иужьрей илъэс тIощIыр къапщтэмэ, зэраIуатэм хуэдэу, сабийхэр зыукIхэм я бжыгъэм хэхъуа?

- Хэхъуащ, дяпэкIи хэхъуэнущ, залымыгъэ лэжьыным зи щхьэ куцIыр хуэгъэпса сабий ныкъуэдыкъуэхэм зэпымыууэ я бжыгъэм хохъуэри. Зи гугъу сщIыр фадэ, афиян, уз зэрыцIалэ мыхъумыщIэхэр зэпкърытхэм я бынхэрщ. Абыхэм ящыщ к уэдыр гущIэгъуншэ мэхъу, нэхъ зыхущIэкъур икIи зыхуэхъуапсэр зэуэнырщ, фыщIэнырщ, хузэфIэкIыу щытмэ, цIыхупсэ зэригъэнынырщ.

- Апхуэдэ цIыхур пасэу дохутырхэм яIэрыхьэмэ, яхуэгъэхъужынукъэ?

- ФIэщ щIыгъуейщ маньякыр езым фIэфIу сымаджэщым пхуэкIуэныр. Залымыгъэ хэплъэхьэу абы пхуну ухуиткъым. ДиIэкъым апхуэдэ хабзэ. ДиIэн хуейщ. Абы дыхуэзыущий щапхъэхэр куэд мэхъу.

Къэтщт энщ Томилин къалэм къыщыхъуар. А щIыпIэм щыщ лIым, и щхьэм сэкъат иIэти, къэзылъхуа и анэр иукIыжащ, уIэгъэ 14 сэкIэ тридзэри. ИлъэсипщIкIэ сымаджэщым щаIыгъащ. ИтIанэ судым и унафэкIэ, хъужауэ къалъытэри, хуит къащIыжат. АрщхьэкIэ, куэд дэмыкIыу, илъэсипщI зи ныбжь хъыджэбз цIыкIур IэщIэкIуэдащ. Сыт ху эдэ дерс абы къыхэтхыпхъэр? Зи щхьэр зэтемысхэр, залымыгъэм хуэпабгъэхэр пхуэгъэхъужынукъым. Апхуэдэхэр щаIыгъын хуейщ - зэи къремыгъэкIыу! - интернат щхьэхуэхэм.

- Дауэ къызэрыпщIэнур лIыукIыр зыхуэдэр? Ар пхуэгъэхъужынрэ пхуэмыгъэхъужынрэ?

- И Iэужьыр зыхуэдэмкIэ. Маньякыр хъунщIэркъым. Абы зыпэлъэщыр еукI, гугъу нэхъыбэрэ иригъэхьмэ, нэхъ къищтэ у, зыкIи игу щIэмыуз у, уеблэмэ гухэхъуэ игъу эту.

- Апхуэдэ щIэпхъаджащIэхэр зыщаIыгъыр дэнэ?

- ЩыIэщ сымаджэщ щхьэхуэхэр. Ауэ абы цIыхур бгъэкIуэныр икъукIэ гугъущ. ДиIэкъым зэкIэ абы теухуа хабзэ. Депутатхэм мызэмытIэу къаIэтащ мы Iуэхур. Ауэ нобэр къыздэсым абы къикIаIакъым.

- Уэ зэрыжыпIэмкIэ, сабийр дунейм къытехьэнкIэ хъунущ маньяк хъэзыру, абы и анэр щыуэндэгъум уз зэрыцIалэ хьэлъэкIэ сымэджамэ. ЦIыхубз узыншэхэм я бынхэр лIыукI мыхъункIэ шэсыпIэ щыIэ?

- Хьэуэ. Куэд елъытащ ныбжьыщIэм и адэр зыхуэдэми. Псантхуэ узыр зиIэхэм я бынхэри сымаджэ мэхъу.

- ЦIыхубз маньяк ущеIэза къэхъуа?

- Къэхъуащ мызэ-мытIэу. Пэжщ, апхуэдэу бзылъхугъэхэм яхэтыр куэдкIэ нэхъ мащIэщ, цIыхухъ ухэм еплъытмэ.

- Сыт хуэдиз хъурэ зи гугъу тщIа щIэпхъаджащIэхэм я бжыгъэр?

- Ар зыми ищIэркъым. Сэ сызыщыгъуазэр мыращ: илъэс къэс Урысейм хъыбарыншэу щокIуэд цIыху мин пщIей-минищэ. Абыхэм ящыщу мин 14 - 16-р сабийщ. Сэтей къызэрыхъуамкIэ, кIуэдхэм я нэхъыбэр маньякхэм яIэщIоукIэ. Ар, дауи, пшэч мыхъунщ. Iэмал имыIэу къызэгъэпэщыпхъэщ хабзэхъумэ гуп щхьэхуэхэр, цIыху бзэхахэмрэ маньякхэмрэ я Iуэхухэм телажьэу. Арыншауэ псэ зыгъэнхэм дапэлъэщыфынукъым.

ТИМОФЕЕВЭ Ольгэ.
«Известия».

ТАУКЕНОВ Идрис Хъусей и къуэр

Хьэлъэу куэдрэ сымэджа нэужь илъэс 71-нэм иту 2007 гъэм мэкъуауэгъуэм и 19-м дунейм ехыжащ Таукенов Идрис Хъусей и къуэр, Политикэ репрессиехэр зращIэкIахэм (1944 - 1957 гъэхэм) я Мемориалым и директорыр, балъкъэр лъэпкъым и «Алан» Къэбэрдей-Балъкъэр республикэ жылагъуэ зэгухьэныгъэм и централнэ советым и унафэщIым и къуэдзэр, КъБР-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэр, творчествэмкIэ дунейпсо академием и действительнэ членыр.

Дунейм ехыжащ хьэл-щэн дахэ зыхэлъа цIыху гъуэзэджэр - лэжьакIуэ хьэлэлыр, ныбжьэгъу пэжыр, адэфIыр.

Таукенов Идрис щытащ ди республикэм и интеллигенцэм и лIыкIуэ нэхъыфIхэм ящыщ зыуэ.

Налшык зыгъэпсэхупIэ паркым и унафэщIу щыщытам ар абы СССР-м щыпашэхэм яхигъэхьэн хузэфIэкIат. Абы къызэригъэпэщауэ икIи и япэ директору щытащ «Балъкъэр» къэрал IуэрыIуатэ-этнографие ансамблым. Абы и унафэм щIэту яухуащ икIи къызэIуахащ «Политикэ репрессиехэр зращIэкIахэм я Мемориалыр».

Дунейм ехыжащ фIыуэ тлъагъуу, пщIэрэ щIыхьрэ зыхуэтщIу щыта цIыху хьэлэмэтыр. ТхэкIыжам и унагъуэм, и Iыхьлыхэмрэ и благъэхэмрэ дахуогузавэ.

Таукенов Идрис Хъусей и къуэм и фэеплъыр игъащIэкIэ ди гум илъынщ.

Балъкъэр лъэпкъым и "Алан" жылагъуэ организацэм и республикэ Совет Нэхъыщхьэ.

КъБР-м Щэнхабзэмрэ хъыбарегъащIэ IэнатIэхэмкIэ и министерствэм гущIыхьэ щыхъуауэ хъыбар фегъащIэ «1944 - 1957 гъэхэм политикэ репрессиехэр зращIэкIахэм я мемориал» къэрал IуэхущIапIэм и директор **Таукенов Идрис Хъусей и къуэр** зэрылIамкIэ икIи дунейм ехыжам и Iыхьлыхэмрэ и благъэхэмрэ яхуогузавэ.

● Футбол

Мазий нэблагъэкIэ

Нэгъабэ жэпуэгъуэм и 21-м Ярославль и «Шинникым» IущIа иужькIэ, иригъэкIуэкIа джэгугъуиблым ди командэм и гъуэм зыми Налшык топ къыщыдигъэкIакъым. Дызэсэу хуежьа а IуэхугъуэфIыр щэбэт кIуам Пермь и «Амкарым» къызэтрикъутащ икIи зы топым и фIыгъэкIэ текIуэныгъэр зыIэригъэхьащ.

АБЫ щхьэкIэ къэмынэу «Спартак-Налшыкыр» яхыхьащ я стадионым топ щыдамыгъэкIыу зэхьэзэхуэр нэхъыфI дыдэу премьер-лигэм щыщIэзыдзахэм. А лъэныкъуэмкIэ налшыкдэсхэм къапэлъэщын иужьрей илъэсихым щыIакъым.

Я стадионым щыджэгуу ди щIалэхэм я гъуэм топ къыдамыгъэкIыу мы гъэм зэрахъума зэманым - дакъикъэ 509-м - ди щIалэхэм ефIэкIыфауэ урысей чемпионатхэм 1992 гъэ лъандэрэ хэтар командитI къудейщ: 1997 гъэм - Мэзкуу и «Спартакыр» (дакъикъэ 551-кIэ), 2001 гъэм - Самарэ и «Крылья Советовыр» (513-рэ).

Мэзкуу щымыщ командэр япэу Налшык къащытокIуэ

Илъэс етIуанэ хъуауэ премьер-лигэм щыджэгу ди командэм иджыри къэс Налшык къыщытекIуэфар къэралым и къалащхьэм къикIахэрщ. Щэбэт кIуам абыхэм Пермь и «Амкарыр» къахэхъуащ.

НЭГЪАБЭ ди щIалэхэр тIэунейрэ 0:1-уэ Налшык къыщыхагъэщIащ. Ар зыхузэфIэкIар Мэзкуу и ЦСКА-мрэ «Локомотивымрэщ».

«Спартак-Налшыкым» и гъуащхьэхъумэ Шумейкэ Виталий хэту а махуэм ди командэр япэу къыхагъэщIауэ аращ.

Украин щIалэр иджыри къэс тхуэугъурлащ икIи ар зыхэта джэгугъуиблым «Спартак-Налшыкыр» зэи очкоиншэ щыхъуакъым: 2 текIуащ, 5 зэрытегъэкIуакъым.

ЖЫЛАСЭ Заур.

ЩIэныгъэхэмкIэ Дунейпсо Адыгэ (Шэрджэс) Академием зэпеуэ ирегъэкIуэкI ЩIДАА-м и действительнэ член, член-корреспондент хъунухэр къыхэхыным теухуауэ

ЩIДАА-м и къудамэхэмкIэ:

Тхыдэ-филологие щIэныгъэхэмкIэ къудамэм:
ЩIДАА-м и действительнэ член - 2;
ЩIДАА-м и член-корреспондент - 1.

Жылагъуэ щIэныгъэхэмкIэ къудамэм:
ЩIДАА-м и действительнэ член - 2;
ЩIДАА-м и член-корреспондент - 1.

Химиемрэ материалхэм ятеухуа щIэныгъэхэмкIэ къудамэм:
ЩIДАА-м-м и действительнэ член - 1.

Медико-биологие щIэныгъэхэмкIэ къудамэм;
ЩIДАА-м-м и член-корреспондент - 3.

Математикэ щIэныгъэхэмкIэ, информацэ технологиехэмкIэ, вычислительнэ системэхэмкIэ къудамэм:
ЩIДАА-м-м и член-корреспондент - 1.

ЩIым ехьэлIа щIэныгъэхэмкIэ къудамэм;
ЩIДАА-м-м и член-корреспондент - 1.

ЩIДАА-м и действительнэ член, член-корреспондент хъуным хущIэкъухэм мыпхуэдэ документхэр къатын хуейщ (экземпляритIу):

1. Зэпеуэм хагъэхьэн щхьэкIэ ЩIДАА-м и Президентым и цIэкIэ кандидатым и заявленэ, къудамэм зэреджэр къыщыгъэлъэгъуауэ.
2. Щэхуу Iэ зэраIэтам кърикIуахэм теухуауэ Еджагъэшхуэ советым и унафэ.
3. Автобиографие.
4. Кадрхэр учет зэращI тхыгъэ.
5. ЩIэныгъэ лэжьыгъэр къыщыгъэлъэгъуа тхыгъэ.
6. ЩIэныгъэ нэхъыщхьэ зэриIэмкIэ, еджагъэшхуэ степенхэмрэ цIэхэмрэ къызэрыфIащамкIэ дипломхэм я копиехэр.
7. Кандидатым и щIэныгъэ IуэхущIафэхэр абы и лэжьапIэ IэнатIэ нэхъыщхьэм къызэрыщалъытэр.
8. Сантиметри 4х6 хъууэ сурэтищ.

Заявленэхэр 2007 гъэм бадзэуэгъуэм (июлым) и 21-м нэсыху къыщыIахынущ мыпхуэдэ хэщIапIэмкIэ:
Налшык къ., Шортэным и уэрам, 89-А. УщIэупщIэ зэрыхъуну телефонхэр: (8662) 42-66-61, 42-23-87.

ЩIДАА-м и пресс-IуэхущIапIэ.

Ди газетым и къыкIэлъыкIуэ номерыр къыщыдэкIынур мэкъуауэгъуэм и 23-рщ.

Редактор нэхъыщхьэ
ХЬЭФIЫЩIЭ Мухьэмэд

РЕДАКЦЭМ И КОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР

ЖьэкIэмыхъу Маринэ (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Гъурыжь Мадинэ** (жэуап зыхь секретарь), **ГъущIо Зариф, Жылэсэ Маритэ, Лъостэн Музэ, Ныбэжь Таисэ, Уэрдокъуэ Жансурэт, Шал Мухьэмэд.**



ДИ ХЭЩIАПIЭР
360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Ленинным и цIэкIэ щыIэ уэрам, 5, ебгъуанэ - епщIанэ къатхэр.

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 47-31-54, 47-33-23; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.
КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ IуэхухэмкIэ - 42-22-86; къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 47-22-63, 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхъумэ IуэхущIапIэхэм ядэлэжьэнымкIэ - 42-60-53; хъыбарыщIэхэмкIэ, спортымрэ письмохэмкIэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 42-63-64, 47-32-15; зэдэлэжьIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтерием - 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер IуэхущIапIэм - 42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщаIэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъымкIэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху еплъыкIэр зэтехуэ зэпыту щыткъым.

Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм. Тел.: 42-06-51, 42-19-59.

Газетыр ...чать" АО-м.

Газетыр 1989 гъэм дыгъэгъазэм и 16-м №Н-0065-м щIэту ятхащ.
Зы илъэсым газетыр 250-рэ къыдокI.
КъБР-м Щэнхабзэмрэ хъыбарегъащIэ IэнатIэхэмкIэ и министерствэм 1905 гъэм щыIа Революцэм и цIэр зезыхьэ полиграфкомбинат, Налшык къ., Ленинным и цIэкIэ щыIэ уэрам, 33, телефоныр - 42-35-75.

Мы къыдэкIыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ Къаншокъуэ Эллэ, редактору Уэрдокъуэ Женя, корректорхэу Щоджэн Иннэ *(1, 2-нэ нап.)*, Табыщ Динарэ *(3, 4-нэ нап.)*. *КомпьютеркIэ газетым и теплъэр ящIащ:* ЩакIуэ Мадинэ, *сурэтыщI* Бицу Жаннэ.

Номерыр "Адыгэ псалъэм" и компьютер IэнатIэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Iэ тедзэн хуейщ сыхьэт 20.00-м.
Щытрадзар сыхьэт 21.00-рщ.

Индексыр 51531. Тираж 10.289. Заказ №1869